Илъэс 450-рэ къуаущ дызэгъусэщ

Нобэ Мэзкуу къыщызэІуах Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым я Щэнхабзэм и махуэхэр

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПЛЪЫ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№195 (21.103) ● 2007 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 5, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым Егъэджакіуэм и махуэмкіэ а Іэщіагъэм ирилажьэхэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪЭЗАР

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Егъэджакіуэм, гъэсакіуэм и гуащіэдэкі хьэлэлым пыщіа щіыхь лъагэм и дамыгъэу нобэ дэ догъэлъапІэ щіыхуэхэм нэхъыфІу ялъагъу икІи нэхъ пщІэ зыхуащі махуэзыхуэхэм ящыщ зыр - Егъэджакіуэм и махуэр.

Фэ фи лэжьыгъэм, фІыщІэ зыхуэщІ ди егъэджакіуэхэ, кьыпхуэмыльытэнэм хуэдиз мыхьэнэ иІэщ, сыту жыпІэмэ ди къэралым и къэкіуэнур зэгьэпагэ дэ кьыщІэхьуэ щІэблэрэ. Дызыхьхьа лэщІыгъуэр щІэныгьэм и пъхьэнэу щытынущ, абы кьыхэкІыу зи Іуэху дэкІынур щІэныгъэ лъагэ зыбгъэдэлъ щіыхуэр зи куэд лъапкъхэрэщ.

Дауи, дэтхэнэ сабийри - ар зыхуэбгъэдэн щымыІэ дуней щхьэхуэм пэпльитащ. ИкІи дэ ди кьалэнщ абыхэм ящыщ дэтхэнэми зэфІэкІрэ зэчийуэ бгъэдэльыр нэсу кьигъэсэбэпынымкІэ дэІэпыкъуэгъу дыхуэхьуну.

ЩІэныгьэмрэ егъэджэныгьэмрэ мылъкушхуэ токІуадэ, ауэ ахэр езыхэр уасэ зимыІэ хьугъуэфІыгъуэщ. Республикэм и унафэщІхэм егъэджэныгьэм и Іуэхум адэкІи зрагъэужьынущ, дяпэкІи гулъытэ лей хуэтщынущ егъэджэныгьэ Іэнатіэхэм, егъэджакіуэхэм, жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиІэ а Іэщіагъэм пэрытхэм я пщІэр нэхъри кьэтІэтын, а лэжьыгъэ тышынымкІэ хуэфащэ лъытэныгъэ сыт щыгъуи иІгъуэтын папщІэ.

Си гум кьыбгъэдэкІыу махуэшхуэмкІэ сынывохъуэхъу фи лэжьыгъэм ехъулІэныгъэ кьыщыфхьыну, уэшынагъэ быдэ, насып, зэІуэпэщынынгъэ фиІэну.

КЪАНОКЪУЭ Арсен.

ЕгъэджакІуэхэр ягъэлъапІэ

● ЗэІущІэ

Егъэджакіуэм и дунейпсо махуэм ирихьэлІэу КЪБР-м Егъэджэныгьэмрэ щІэныгьэмкІэ и министерствэм кьыдэрригъэпэща гуфІэгъуэ зэІущІэр дыгъуасэ Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм щекІуэкІащ. Абы щагъэлъапІащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ екІуэкІа зэпеуэм сом мини 100 зырыз кьыщызыхьа егъэджакіуэхэр.

ЗЭІУЩІЭМ кьрихьэлІащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къудамэ **Федченкэ Людмилэ**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэ **Тхьэзэплыж Мурат**, КЪБР-м и Президентым и Чэнджэщэгъу **Уянаевэ Аминат**, депутатхэр, жылагъуэ зэгухьэныгьэхэм я Іэтащхьэхэр, егъэджэныгъэ ІуэхущапІэхэм я унафэщІхэр, егъэджакіуэхэр.

Япэу утыкур хуит зыхуащІа Тхьэзэплыж Мурат къеджащ КЪБР-м и Президентым республикэм и егъэджэныгъэ Іэнатіэм пэрытхэм зэрызахуигъаэм икІи езым, Правительствэм хэтхэм кьабгъэдэкІыу кьызэхуэсахэм ехъуэхьуащ. Апхуэдэу егъэджакіуэхэм псалъэ гуапэкІэ зыхуагъэзащ Федченкэ Людмилэ, Уянаевэ Аминат, КЪБР-м и Цыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ Шорэ Раисэ, КЪБР-м и Сабий фондым и унафэщІ Умэ Светланэ, егъэджакіуэхэм я щІэныгьэм щыхагъахьуэ институтым и унафэщІ Емуэ Нинэ, нэгъуэщІхэми.

Макъамэ щабэ кьыщыІу, дэрэжьэгъуэр щыкуэд зэІущІэм я саугъэтхэмрэ удз гъэгъа Іэрамэхэмрэ егъэджакіуэ 86-м, апхуэдэуи КЪБР-м и Президентыр егъэджакіуи 10-м зэрахуэупсэ сом мини 100 зырызыр щратыжащ.

«Урысейпсо педагогикэ зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгьэмрэ «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партымрэ зэгъусэу ирагъэкІуэкІа «Курыт еджапІэм и унафэщІ нэхъыфІ» зэпеуэм пашэныгъэ хъущыгъэхьахэу **Ворошиловэ Иринэ** (Прохладнэ кьалэм дэт 2-нэ гимназие), **Дадэ Аслъэн** (Тэрч кьалэ дэт 2-нэ курыт школ), **Карчаевэ Хьэлимэт** (Балъкъэр Ипщэ кьуажэм дэт 1-нэ курыт школ), **Сэхьурокъуэ Анатолэ** (Хьэмдэхъуэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр агропромышленнэ лицей) сымэ я щІыхь тхьилъхэр яритыжащ «Урысейпсо педагогикэ зэхуэс» жылагъуэ зэгухьэныгьэм и щІыналъэ комитетым и унафэщІ Бэлахьуэ Олег.

Зэ1ущІэр ягъэдэхащ Сабий творчествэмкІэ республикэ унэм и къэфакІуэ гупэм, уэрэджьІакІуэ ныбжьыщІэхэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Тхьэзэплыж Мурат КЪБР-м и цІыхубэ егъэджакІуэ Дышэкі Марие (Лашынкьей кьуажэ) тыгъэхэр ирет.

Адыгэхэмрэ урысхэмрэ дамэгъу зэрызэхуэхьуфу илъэс 450-рэ зэрыригъэж и щІыхькІэ Москва щекІуэкІыну гуфІэгъуэ зэхьыхьэхэр дыгъуасэ зэхаублащ. Махуэшхуэхэр кьыхэІуахащ Адыгей, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я президентхэу ТхьэзэкІуныпэ Аслъэнджэрий, Кьаноковэ Арсен, Бытдыев Мухьтэрбэ сыми зыхэта пресс-конференциІ.

ЗИ УНАФЭЩІ щІыналъхэм я политикэ, экономикэ, щІэхабзэ Іэнатіэхэм я щытыкІэхэм, нэгъуэщІ кудмэ теухуауэ журналистхэр зыщІэупщІахэм зэпхъухьауэ жэуап ирата иужь, республикищым икІа хьэщІэхэр ирагъэблэгъащ Беговой уэрамым тет сурэттхьалъэгъуэлІэм. Абы къыщыхъуахат республикэхэм щыщ сурэтыщІхэм я Іэдакъэщ1экІхэм я выставкэ.

Къызэхуэсахэм фІэхъуэ псалъэкІэ захуигъэзащ икІи екъуэхьуащ Москва и Сурэтыщ1хэм я союзым и унафэщІ **Гориев Сергей**. Ар кьеджащ кьалащхьэм и Правительствэм хьэщІэхэм зэрызахуигъаэ хьэхъу телеграммэм. Абы и ужькІэ псалъэ зрата, Художествэхэмкіэ Урысей Академием Ипщэ щІыналъэм и художникхэм ядэпэжьэнкІэхэр зэралъэ. **Щербаков Владимир** жиІащ: «Мы гъэлъэгъуэлІэр ауэ сытми кьыхэтхакъым. Мыбы ди сурэтыщІ нэхъыжьхэм я Іэдакъэщ1экІэхэр утыку кьыщрахьэ, щІызочэнджэщ, урысей гъуэзджэм зиуэщІыпмкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ лэжьыгъэ зэкІэщІафІэ щызэфІатекІ. ИкІи нобэ ди хьэщІэхэм пщІэшхуэ зэрахуэтщІыр, ахэр зэрыдгъэлъапІэр зыхащІэмэ ди гуапэщ».

ФІыщІэ ящІу, ди зэпыщІэныгъэхэр нэхъри быдэ, лъэщ зэрихьуиным шэч къыхэтырагъэкІыжьхэр кьыхэгъэщу зэІущІэм кьыщысэлъащ АР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Лъэцэр Іэдэм,** КЪБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министр **Тут Заур,** КъШР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Бэрокъуэ Рэмэзан** сымэ.

ХудожествэхэмкІэ Урысей Академием къыбгъэдэкІуэ **Васлов Виктор** кьыхигъэщащ къэрал псор зэрыгушхуэ щІыхь щуджащэ куэд лъэпкъ республикэхэм зэралъэ. Абыхэм ящыщу зи щІэ кьрИуахэм яхэтащ дирижер Темыркъан Юрий, художникхэу КІыщ Мухьэдинрэ Пащты Германрэ. «Мы сурэтыщІ Іэзэхэм я творчествэр, я лэжьэкІэр щызэпкърыха тхыгъэхэр ихуащ еджапІэ нэхъыщІэхьэхэм папщІэ кьыдэдгъэкІа учебникхэм», - жиІащ абы.

ГуфІэгъуэ махуэшхуэхэм кьрыибыдэу нэгъуэщІ зы Іуэху дахи щекІуэкІащ дыгъуасэ Урысей Федерацэм и кьадащхьэм - сыхьэт 16-м Къэрал библиотекэм кьыщызэІуахащ КЪБР-м, КЪШР-м, Адыгейм я полиграфие продукцэхэм я епльыныгъэ. «Урысейшхуэм и пІанэпэ щІыкІуэ - арат абы фІащар. Ари икъуэкІэ екІуу кьызэрагъэпэщат. Дэтхэнэ республикэмэ езым и пІанэпэ щхьэхуэ иІэжт, кьалащхьэдэхэм ирагъэльагъуни я машІэтэкъым. Абы и ужькІэ екІуэкІа «стІол хьуреІм» кьрихьэлІащ Москвай, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгеймиз, Къэрэшей-Шэрджэсми я тхакІуэхэр.

НЫБЭЖЬ Таисэ,

«Адыгэ псалъэ» газетым щэнхабзэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ.

Москва къалэ.

Урысеишхуэм и пІанэпэ щІыкІу

●Дыгъуасэ

хэтхакъым. Мыбы ди сурэтыщІ нэхъыжьхэм я Іэдакъэщ1экІэхэр утыку кьыщрахьэ, щызочэнджэщ, урысей гъуэзджэм зиуэщІыпмкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ лэжьыгъэ зэкІэщІафІэ щызэфІатекІ. ИкІи нобэ ди хьэщІэхэм пщІэшхуэ зэрахуэтщІыр, ахэр зэрыдгъэлъапІэр зыхащІэмэ ди гуапэщ».

ФІыщІэ ящІу, ди зэпыщІэныгъэхэр нэхъри быдэ, лъэщ зэрихьуиным шэч къыхэтырагъэкІыжьхэр кьыхэгъэщу зэІущІэм кьыщысэлъащ АР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Лъэцэр Іэдэм,** КЪБР-м щэнхабзэмрэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и министр **Тут Заур,** КъШР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Бэрокъуэ Рэмэзан** сымэ.

ХудожествэхэмкІэ Урысей Академием къыбгъэдэкІуэ **Васлов Виктор** кьыхигъэщащ къэрал псор зэрыгушхуэ щІыкІу щуджащэ куэд лъэпкъ республикэхэм зэралъэ. Абыхэм ящыщу зи щІэ кьрИуахэм яхэтащ дирижер Темыркъан Юрий, художникхэу КІыщ Мухьэдинрэ Пащты Германрэ. «Мы сурэтыщІ Іэзэхэм я творчествэр, я лэжьэкІэр щызэпкърыха тхыгъэхэр ихуащ еджапІэ нэхъыщІэхьэхэм папщІэ кьыдэдгъэкІа учебникхэм», - жиІащ абы.

ГуфІэгъуэ махуэшхуэхэм кьрибыдэу нэгъуэщІ зы Іуэху дахи щекІуэкІащ дыгъуасэ Урысей Федерацэм и кьадащхьэм - сыхьэт 16-м Къэрал библиотекэм кьыщызэІуахащ КЪБР-м, КЪШР-м, Адыгейм я полиграфие продукцэхэм я епльыныгъэ. «Урысейшхуэм и пІанэпэ щІыкІу» - арат абы фІащар. Ари икъуэкІэ екІуу кьызэрагъэпэщат. Дэтхэнэ республикэмэ езым и пІанэпэ щхьэхуэ иІэжт, кьалащхьэдэхэм ирагъэльагъуни я машІэтэкъым. Абы и ужькІэ екІуэкІа «стІол хьуреІм» кьрихьэлІащ Москвай, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Адыгеймиз, Къэрэшей-Шэрджэсми я тхакІуэхэр.

НЫБЭЖЬ Таисэ,

«Адыгэ псалъэ» газетым щэнхабзэмкІэ и кьудамэм и унафэщІ.

Москва къалэ.

ГъэшхэкІхэр зэрызэкІуэкІам и зэранкІэ

Ставрополь крайм щыщ Лермонтов къалэм и сабий садищым екІуэлІэ сабийхэм щыщу 45-рэ сымаджэщым щІэлъащ.

Ахэр абы яшэн хуэй хъущ ерыскъы зэкІуэкІа зэрыраГэшхам кьыхэкІыу. Къалэм щолажьэ Роспотребнадзорым и кІэлъыплъакІуэхэр. Зэрыхуагъэфащэм, тамэмуу мыгъэзырэхьуфІ лъапІэращ сабийхэм егузуар.

ЗэгъусэныгъэщІэ

УФ-м и Президент Путин Владимир кьыхилъхьащ «Росатом» Къэрал корпорацІэ къыІэрыгъэ пащІыну.

Абы зэкъуиГэувэн хуейщ атом промышленностым ипэжьнкъудамэ псори. Къэрал Думэр проектым хэпльэнущ жэпуэгъуэм и 11-м.

Президентым и гульытэ

Зи ныбжь хэкІуэтахэм я дуейнсо махуэм ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьаноковэ Арсен сым и мылькум кьыхэкІыу сом мелуанитІ иритащ зи ныбжьыкІэ ящыщ 100-м щхьэдэхэу республикэм щыпсэуху 373-рэ мэхъу.

УРЫСЕЙ Федерацэм и Пенсэ фондым и къудамэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Щаужь Хьэсинбий зэрыжиІамкІэ, я ныбжьыр илъэсиблэ 100-м щхьэдэхэу республикэм щыпсэуху 373-рэ мэхъу. Пенсионерхэр псори зэхэту мини 175-м ноблагъэ, абыхэм ящыщу 1700-р илъэс 90-м щхьэдэхащ.

БЭТОКЪУЭ Албэч.

Зэгъусэмэ нэхъ къащтэрэ?

Пхеньян щызэпсэлъащ КНДР-мрэ Корее Республикэмрэ я унафэщІхэр.

Мыр абыхэм я ятІуанэ зэІущІэщ. КІэлъыплъакІуэхэм кьыхэзэрагъэльытэмкІэ, ахэр зэрызэпсэлъам мыхьэнэзыхуэ дыдэ иІэщ. Льэныкъуэхэр зэгурыІуащ мамыру зэхуэщытыну, зауэкьеным зэгъусэу хущІэкъуну. Корее Ипщэр арэзэщ Корее Ищхьэрэм зиужьыным мылькушхуэ хилъхьану. КъэралитІыр зэгурыІуащ Пекин щекІуэкІыну Олимп зэхьэзэхуэхэм зы командэу хэтыну.

«ЩІыналъэхэм» зыри лъэщІыкьакъым

Тхьэмахуэ махуэ кІуам Украинэм щекІуэкІащ зи мычэзу парламент къыщІэкІэхэр.

Дыгъуасэ къэралым щызэхалъхьэжащ абыхэм кърикІуэкІа. Япэ уэвыпІэр иІыгъщ «Украинэм и щІыналъэхэр» парту премьер-министр Янукович Виктор зи пашэм (процент 34-м щигъу). Тимошенкэ Юлие и блокым и телъхьэу къэуващ хэхакІуэхэм я процент 30-р. Президентым Ющенкэ Виктор и «Ди Украинэ» зэгухьэныгъэм и телъхьэу къэувар процент 14-м зэрыщІигъу щІэзкъым. Апхуэдэу парламентым хьыкащ коммунистхэм Литвин и блокымрэ. Социалист партым ар хуэзфІэкІакъым.

(ИТАР-ТАСС).

ГъэшхэкІхэр зэрызэкІуэкІам и зэранкІэ

Ставрополь крайм щыщ Лермонтов къалэм и сабий садищым екІуэлІэ сабийхэм щыщу 45-рэ сымаджэщым щІэлъащ.

Ахэр абы яшэн хуэй хъущ ерыскъы зэкІуэкІа зэрыраГэшхам кьыхэкІыу. Къалэм щолажьэ Роспотребнадзорым и кІэлъыплъакІуэхэр. Зэрыхуагъэфащэм, тамэмуу мыгъэзырэхьуфІ лъапІэращ сабийхэм егузуар.

ЗэгъусэныгъэщІэ

УФ-м и Президент Путин Владимир кьыхилъхьащ «Росатом» Къэрал корпорацІэ къыІэрыгъэ пащІыну.

«ЩІыналъэхэм» зыри лъэщІыкьакъым

Тхьэмахуэ махуэ кІуам Украинэм щекІуэкІащ зи мычэзу парламент къыщІэкІэхэр.

Дыгъуасэ къэралым щызэхалъхьэжащ абыхэм кърикІуэкІа. Япэ уэвыпІэр иІыгъщ «Украинэм и щІыналъэхэр» парту премьер-министр Янукович Виктор зи пашэм (процент 34-м щигъу). Тимошенкэ Юлие и блокым и телъхьэу къэуващ хэхакІуэхэм я процент 30-р. Президентым Ющенкэ Виктор и «Ди Украинэ» зэгухьэныгъэм и телъхьэу къэувар процент 14-м зэрыщІигъу щІэзкъым. Апхуэдэу парламентым хьыкащ коммунистхэм Литвин и блокымрэ. Социалист партым ар хуэзфІэкІакъым.

(ИТАР-ТАСС).

♦ Адыгэ Республикэр хьащІэрагъэпэща махуэщ. 1990 зэхуэмрэ зэрыгъэпэщащ. Ар Адыгей и Советым и унафэ кьыщтащ Адыгей автономнэ областыр РСФСР-м хэт АССР-у зэхъуэкІыным икІи ар Краснодар крайм кьыхэкІыным теухуауэ. 1992 гъэ лъандэрэ УФ-м хэт Адыгэ Республикэщ.

♦ Илъэс 55-рэ и пэкІэ (1952 гъэм жэпуэгъуэм и 5 - 14-эм) КПСС-м и XIX съездыр екІуэкІащ. Съездым большевикхэм я Союзэпсо коммунист партым – ВКП(б)-м и цІэр Совет Союзым и Коммунист партКІэ (КПСС-кІэ) зэрихьуэкІащ.

♦ Душанбе (Таджикистан) щекІуэкІынущ СНГ-м хэт къэралхэм я Іэтащхьэхэм я Советым и зэІущІэ.

♦ 1957 гъэм къальхуащ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Дзэмихъ Къасболэт.

♦ Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакъикьи 10-м, кьухьэныжьнущ сыхьэт 18-рэ дакъикьэ 41-м.

♦ Мазухуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакъикьэ 31-рэ.

Піланэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Лъэпкъ Іуэщхьэр:

Чэнджащэр щыуэркъым.

● Тхьилъэщ1э

Черкесск къыщыдэкІащ Абыт1э Владимир игъэхьэзыра лэжьыгъэ купщІафІэр, адыгэ тхакІуэхэм я гъащІэм, я кьалэмыпэм къыщІэкІахэм теухуар.

ТХЫЛЪЫР щызэхилъхьэм абы къыхуэщхьэпащ КъБКъУ-м и доцент Абазэ Албэч, ЩІДАА-м и академикхэу Бэчыжь Лейлэ, Хъупсокъуэ Хъызыр, БакІуу Хьанджэрий сымэ я кьэхуэтэныгъэхэр, Уэз ФатІимэ и чэнджэщхэр, газет, журнал щхьэхуэхэм кьытрадза статьяхэр, очеркхэр.

Тхылъым и «жьантІэм» щыдзэ дыщыхуэхуэ адыгэ литературэм и гъабжьэр зыгъэтІылъахэу Пащ Бэчмырзэ, Щоджэнщыкіу Алий, Хьэхъуэпащ1э Амырхьан, Абыкьу Хьалид, Дышэкі Мухьэмэд, Кіэрашэ Тембот, Уэхьутэ Абдулыкь, нэгъуэщІхэми я кьекІуэкІыкІам, я Іэдакъэ кьыщІэкІа-хэм.

Щоджэнщыкіу Іэдэм, Мэшбащ1э Исхьэкъ, Кьардэнгъущі Зырамыку, Жанэ Кьырымызэ, Кіуащ Бетіал, Налохэ Заурэ Ахьмэдхьанрэ. Тхьэгъэзит Зубер, Іутіыж Борис, Кьагъыырмэс Борис, МафІэдз Сэрэбий, Кьардэн Бубэ, Елгъар Кашиф, ХьэфІыщІэ Мухьэмэд, нэгъуэщІхэри.

Тхылъым гулъытэ хэха щагъуэт шэрджэс литературэм зи тхыгъэ купщІафІэкІэ хуэрэфа, повесть, рассказ, усыгъэ, хьыбар гъэщІэгъуэнэкъэ щІыналъэхэм я тхакІуэхэм.

Абыт1э Владимир и лэжьыгъэр, шэч хэмылъу, къэхуэщхьэпэнущ егъэджакІуэхэмрэ, студентхэмрэ, еджакІуэхэмрэ, лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ зи гуапэу зыдж дэтхэнэми.

ЗЭЩІЭЖМОКЪУЭ Мурадин.

● Хъыбарыфі

Стадионыщ1э яухуэ

Іуащхьэмахуэ куейм «Эльбрус-турист» акционер зэгухьэныгъэм и ипэм пэмыжыжьэу бгы лъэрыжэмкІэ стадион щаухуэ.

ПЭЖЬЫГЪЭР ирегъэкІуэкІ «Эльбрусспорт» мыкоммерческэ зэгухьэныгъэм. Абы и унафэщІ Байдаев Эдуард зэрыжиІамкІэ, ди республикэм бгы лъэрыжэ спортым щыщдзэуэжьын папщІэ апхуэдэ стадионыр димыІэныр Іэмалынщэщ. Нобэкіэ Іуащхьэмахуэ щыІэ бгы лъэрыжэ гъэзэгъэр коммерческэщ. Ахэр зыхуащІар туристэрэщи, спортсменхэм зэхьэзэхуэхэр щагъэзэкІуэкІын яІэкъыш. Стадионыщ1эр фІыуэ пыІудзауэ щытынущ турист лъэрыжэ гъэзэгъэхэм. Апхуэдэу стадионым къинэмыщІауэ, спортсменхэр щеджэну классэхэр, хьащІэщ мэкин, шахпІэ яухуэнущ. Ухуакіуэхэм я къэр псори ирахьэлІэнущ 2008 гъэм и щІымахуэм стадионыр ухуэнырэ яухуэным.

САФРОНОВ Анатолий.

Іуащхьэмахуэ куейм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм административно-щІыналъэ ухуэкІэм и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн и лъэныкъуэкІэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентымунафэ **ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и административно-щІыналъэ ухуэкІэм и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн и Законыр къэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым деж егъэхьын, Іэ щІидзын икІи цІыхуэхэр щыгъуазэ ищІын щхьэкІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт ар кьыщацта махуэм щыщІэдзауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1

БЕЧЕЛОВ Ильяс

Налшык къалэ
2007 гъэм фокІадэм и 19-м
№1214-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм административно-щІыналъэ ухуэкІэм и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2007 гъэм фокІадэм и 19-м кьыщтащ

1 статья. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и административно-щІыналъэ ухуэкІэм и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №12-РЗ-м, 2005 гъэм мазаем и 27-м кьащтам, мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 1-нэ статьям:

1) 6-нэ пунктым «къалэ е къуажэ псэупІэ щІыпІэм и статус» псалъэхэр «щІы Іэ хъуа инфраструктурэ» псалъэхэмкІэ щызэхъуэкІын;

2) 8-нэ пунктым «, апхуэдэуи жылагъуэ зэхуаку щІыналъэхэр» псалъэхэр зэгъэкІын.

2. 6-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм и 2-нэ пунктым «жылагъуэ зэхуаку» псалъэхэр «щІы Іэ щІыпІамкІэ» псалъэхэмкІэ щызэхъуэкІын.

3. 7-нэ статьям и 6-1 Іыхьэщ1эр дэщІыгъун, мыпхуэдэ зэхэлъыкІэ иІэу:

«6-1. Псэупі щІыпІэр кьызэрагъэпэщ кьалэхуэу законодательствэм ипкъ иткІэ, щІыналъэм и Іыхьэм хуэунэмгъэ щратъэкІуэкІэрэ е псэупІэ щІыпІэм и щІыналъэм щыщ Іыхьэ хуахъкІэрэ.

Псэупі щІыпІэр кьызэрагъэпэщ щІыхуэхэм я Іуэху епльыкІэу зыхуэфащэ муниципальнэ щІыналъэм и лЫкІуэ органым кьигъэлъэгъуар кьэлъытауэ.».

2 статья. Мы Законым кьару егъуэт ар официальнэу кьыщытрадза махуэм щыщІэдзауэ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2007 гъэм фокІадэм и 4-м
№66-РЗ

КЪБР-м и «Адыгэ Хасэ жылагъуэ организацэм, Афганистаным щекІуэкІа зауэм хэтахэм я союзу, Езыхэм я фІэфІыныгъэкІэ Абхъазым кІуауэ щытахэм я союзу КЪБР-м щыІэхэм

зэгъусэу жаІар

КУРЖЫМи унафэщІхэм я зэранкІэ иужьрей махуэхэм Абхъазым, Осетие Ипщэм я ныкъуэкІэ щІыпІэхэм щытыкІэр щызэщІэплъащ. Куржы зауэлІкІэр Абхъазым щыІэ антитеррор центрым теуащ, урысей инструкторхэу ТІу ящІащ икІи дзэм ираджащІэщІэу 7 гъэр ящІащ. Цхиналд деж лъэныкъуэхэр щызэпэщІэт щыпІэм зэхэуэхэр кьыщагъэхьуащ.

Абыхэм, ныбжьэгъуГэ зыхэлъу щымыт нэгъуэщІ Іуэхугъуэхэм зэныкьуэкьу лъэныкъуэхэм яку дэлъ зэгурымыІуэныгъэхэр нэхъ куу щІ, мамырыгъэ зэпсэлъэныгъэхэр кьызэпауд, Закавказьем лъыгъажэ зауэ аргуэру кьыщыхьуным хуащэнкІэ хъунущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ организацэхэм - «Адыгэ Хасэм, Езыхэм я фІэфІыныгъэкІэ Абхъазым кІуауэ щытахэм я союзым, Афганистаным щекІуэкІа зауэм хэтахэм я союзым - Куржы Республикэм и унафэщІхэр кьыхураджэж щыналъэхэм яку кьыдэхьуэ зэмыІэзэгъныгъэхэм унафэ ятещІыхьыным политикэ Іущагъ кьыщагъэльэгъуэну, лъэныкъуэхэр зэныкьуэкьу зэпэщІэувэнным хуэзыщэ Іуэхугъуэхэр ямыІэжьыну.

ХЬЭФІЫЩІЭ Мухьэмэд,
Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ,
БЕКЪШОКЪУЭ Алексей,
Е зыхэм я фІэфІыныгъэкІэ Абхъазым кІуауэ щытахэм я союзым и унафэщІ.
ТХЬЭГЪЭЛЭДЖ Тимур,
Афганистаным щекІуэкІа зауэм хэтахэм я союзым и унафэщІ.

Налшык къ., 2007 гъэ, жэпуэгъуэм и 4.

«Адыгэ тхакІуэхэр»

Авторым зыщигъэгъупщакъым ди лъэпкъ тхыдэм щэнхабзэм, гъэзджэм, литературэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІа тхакІуэхэрэ - Теунэ Хьэлим, Кьыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, нэгъуэщІхэми я кьекІуэкІыкІам, я Іэдакъэ кьыщІэкІа-хэм.

● Тхьилъэщ1э

Черкесск къыщыдэкІащ Абыт1э Владимир игъэхьэзыра лэжьыгъэ купщІафІэр, адыгэ тхакІуэхэм я гъащІэм, я кьалэмыпэм къыщІэкІахэм теухуар.

ТХЫЛЪЫР щызэхилъхьэм абы къыхуэщхьэпащ КъБКъУ-м и доцент Абазэ Албэч, ЩІДАА-м и академикхэу Бэчыжь Лейлэ, Хъупсокъуэ Хъызыр, БакІуу Хьанджэрий сымэ я кьэхуэтэныгъэхэр, Уэз ФатІимэ и чэнджэщхэр, газет, журнал щхьэхуэхэм кьытрадза статьяхэр, очеркхэр.

Тхылъым и «жьантІэм» щыдзэ дыщыхуэхуэ адыгэ литературэм и гъабжьэр зыгъэтІылъахэу Пащ Бэчмырзэ, Щоджэнщыкіу Алий, Хьэхъуэпащ1э Амырхьан, Абыкьу Хьалид, Дышэкі Мухьэмэд, Кіэрашэ Тембот, Уэхьутэ Абдулыкь, нэгъуэщІхэми я кьекІуэкІыкІам, я Іэдакъэ кьыщІэкІа-хэм.

Щоджэнщыкіу Іэдэм, Мэшбащ1э Исхьэкъ, Кьардэнгъущі Зырамыку, Жанэ Кьырымызэ, Кіуащ Бетіал, Налохэ Заурэ Ахьмэдхьанрэ. Тхьэгъэзит Зубер, Іутіыж Борис, Кьагъыырмэс Борис, МафІэдз Сэрэбий, Кьардэн Бубэ, Елгъар Кашиф, ХьэфІыщІэ Мухьэмэд, нэгъуэщІхэри.

Тхылъым гулъытэ хэха щагъуэт шэрджэс литературэм зи тхыгъэ купщІафІэкІэ хуэрэфа, повесть, рассказ, усыгъэ, хьыбар гъэщІэгъуэнэкъэ щІыналъэхэм я тхакІуэхэм.

Абыт1э Владимир и лэжьыгъэр, шэч хэмылъу, къэхуэщхьэпэнущ егъэджакІуэхэмрэ, студентхэмрэ, еджакІуэхэмрэ, лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ зи гуапэу зыдж дэтхэнэми.

ЗЭЩІЭЖМОКЪУЭ Мурадин.

●Гу зылъытапхъэ

Бэрэжьей къэс

Урысейм Іэпхьэушапхъэхэм я Іуэхуэхэмкіэ и федеральнэ Іуэхущапі Эм и Управленэу КъБР-м щыІэм зыхуэфащэ псори зэфІегъэкІ езым и Іуэху зехьэкІэр зэІуахуэ икІи гурыІуэгъуэу щытыным хуэгъэзауэ икІи лэжьыгъэр егъэфІекІуэным теухуауэ щІыхуэхэм, абыхэм кьабгъэдэкІ тхьэусыхафхэм и чэзум икІи зэпкрахауэ хэпльэн папщІэ зыхуей Іэмал псори кьызэрегъэпэщ.

Апхуэдэуи щыгъуазэ фыхуэтщІыну дыхуейщ, щхьэхуещагъэ хэльу зи кьулыкъур кьэзыгъэсэбэп лэжьакІуэхэм ятеухуа тхьэусыхафхэр ищІэхэр Урысей ФМС-м и Управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ милицэм и полковник Сокъур Олег Хьэбалэ и кьуэм бэрэжьей къэс сыхьэт 14-м щыщІэдзауэ сыхьэт 16 пщІондэ зэрыригъэблагъэм. Абы папщІэ 77-75-36 телефонымкІэ фыпсалъэу зебгъэтх хьунущ.

УФ-м Іэпхьэушапхъэхэм я Іуэхуэхэмкіэ и федеральнэ кьулыкъуэм и Управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущапі Эм.

Политикэ партхэм ящІэн папщІэ

«Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и Федеральнэ Зэхуэсым и депутатхэр хэхьным и Іэхуэкіэ» Урысей Федерацэм и Федеральнэ закон №251-ФЗ-м, накьыгъэм и 18-м кьащтам, ипкъ иткІэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэм политикэ партхэм хьыбар ирегъащІэ: тхьэмахуэ зэхуакум пщІэншэу традзэну агитацэ материал псоми иубыдынкІэ газет напэк

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

• Гъуэгуанэ тхыгъэ

Къэбэрдей хэкум

Гъэмахуэ жу маэмэ и 27-м (1770 гъэм) генерал-майор Медем деж сыкIуащ. Абы и дзэр зэзэпсысыр Мэзэгэу верстиплI хуэдизт зэрыпэжыжьэр. Си мурадыр жеIащ генералым: Балькъ, Бахьсэн псыхъуэхэмкIэ бгыщхьэм сихьнут, адэкIэ Курджым сыкIуэн папщIэ. Аршхьэкlэ генералым си мурадыр кIыскхуигъэдэхакIым, Къэбэрдеишхуэм уихьэмэ, хьэргъэшыргъэ уэхэчэнкIэ хьунщ, жиIэри. Абы и пIэкIэ Джылахьстэнейм и пщы цIэрыIуэ Талъостэн Аслъэнбэч и Iэмыщlэ сриIыхьащ генералым. Аслъэнбэчрэ абы и адэмрэ гъуэсэ сахуэхьури, Iэрч дыззэпрыкIащ, Джылахьстэнейм шыщхьэIу маэмэ и 15 пщIондэ зыщысплъыхьащ.

КЪЭБЭРДЕЙХЭР езыхэр зэрыззэджэжыр «адыгэщ», тыркухэмрэ тэтэрхэмрэ кIыззэреджэр «черкасщ», курджыхэм «черкесианиI», урысхэм -«черкес», осетинхэр «казахкIэ» («кашак») кьоджэ; император Константин и зэманым а щIэрагъэнущ щэрджэс лъэпкъ псоми зэреджэу щытар («касог»). Щэрджэсхэр (адыгэхэр) хы ФыцIэм щыщIэ дзауэ Тэрчрэ Сунж эрэ щыззэхэхуэм нэс щопсэу.

Щэрджэсхэр лъэпкъ щхьэхуэщ, лъыкIэ кьагухэр лъэпкъ, абхъазхэм нэмыщI, щыIэкьым. А лъэпкьитIыр лъыкIэ зэгуокъэми, я бзэхэр апхуэдизкIэ зэщхьэщыкIащи, тэрмэшкIэ фIэкI зэгурыIуэжырыкъым, ауэ зы лъабжьэ зэрагъэм шэч хэлъкъым.

Щэрджэсхэм пщы куэд яIэщ, я уэркъхэр лъэрызехьэщ, щыхубэр абыхэм я Iэмыщlэ ильщ. Пщы лъэпкъхэр: Жамбулэтхэ, Кьетыкьуэхэ, Бэчмырзэхэ, Мысостхэ - ахэр псори Къэбэрдеишхуэм исщ. Зы унафэщI яIэкъым щэрджэсхэм, пщыхэр зэззэгъыркым, зыр адрейм езыуэ зэрытщ, лIы фIыгъуэ зэримыгъахуэзурэ. Урыс хэм я Iэмыщlэ зэрызэралъхьэрэ Къэбэрдеим хабзэ нэхъ щызекIуэ хьуащ, пщыхэрэ я пIэ нэхъ иэзгъэжауэ гу лъыботэ.

Я фэрэ я хьэлкIэ щэрджэсхэрэ абхъазхэмрэ зэрызэщхьэщыкI щIагъуэ щыIэкъым, лъэпкьитIри хахуэщ, щыхуэ екIуэхэщ. Зи уйкъ нэ хь итыр Iэщ гъэхьунырщ, мэл хьушэхэр я куэдщ, я мэлхэр щифIэщ, щым упщIэ, щIакIуэ, щIэ кьыхащыкI, абыхэмкIэ сатуящI. Кьалэ иткъым Къэбэрдеим, кьуажэ щыкуэдщ, къуажэхэр Iуву зэхэсщ.

Тэрч и сэмэгурабгъэмкIэ Iуфэм, абы Хьумбэлейрэ Псыхужьрэ щыхэхуэм, верстибл хуэдэкIэ пэжыжьэу, Тэтэртупкlэ зэджэ кьалэжьым ущрохьэлIэ. Абы чэщанитху кьыщыIэзэтенащ. А щIыпIэм кхъэлэгъунэхэр щыкуэдщ. Щэрджэс жыларгъуэшхуэ исагъэнущ адеж. Хуэбгъэфащэ зэрыхьунумкIэ, абы муслъымэни чыристани дэсащ - мэкджыти члисI, кьыСэхэжауэ, щыслъэгъуащ. Тэрэтуп деж щэрджэсхэр тхьэ щлъэIу, тхьэтьанэ щащIу щытащ. Нэхъ щIалэхэм я хабзэр иджы яхэльыжкым, ныбжь зиIэхэращ а хабзэр зыдэплъагъужыр.

Тэтэр туп ипщэкIэ чэщанитI ущрохьэлIэ, зым сажнитх, адрейм сажниплI я лъагагъ. Ахэри щэрджэсхэращ зыщIар. ЧэщанитIымрэ Тэтэртупрэ яку мывэ сынитI дэтщ. Зы сыным хьэрыпыбзэкIэ тетхащ ар Хьэтхьэкlумэхэ ящыщ Тутыкъу Мыхьэмэт 1745 гъэм зэрыхуагъэувар. Адрей сыныр зыхуагъэувар Тутыкъу Мыхьэмэт и кIуэ Къазийщ, ар щылар 1765 гъэрщ.

Нэгъуэщ щIыпIэхэми сыщрихьэлIащ мывэ сынгъэщIэгъуэнхэм. Гъндэлэн псыр Бахьсэн щыхэхуэм деж щыт сыным жор тепльэ иIэщ, абы алыджыбгэкIэ тхыгъэ тетщ. Щэджэм псым и Iуфэм, бгым уимыхьэ щыкIэ (Налшык - Псыхуабэ гъуэгум ипщэIуэкIэ) ущрохьэлIэ Живэм щагуфIыкI и кIуэ генерал-майор Елмырзэ и хьэдэри. Ар ильэсипIл и пэкIэ Кьыслар щы-

лIащ. НэгъуэщI кхъэлэгъунэ зыбжанэ щыслъэгъуащ абдежым, ахэри зейр Бэчмырзэхэщ.

Мэкъуауэгъуэм и 17-м Бахьсэн псым дыззэпрыкIри, Тэгэрхъан Жанхъуэт и жылэм дыдыхьащ. Гъуэгу дыздытетым, кхъэлэгъунэ, мывэ сын зыбжанэ дыблэкIащ. Бгъэр хьан Жанхъуэт и пхьунщрэ и кьунтIрэ мы гъэм емынэ узым ихьащ, абыхэм я кхъэлэгъунэхэми дыблэкIащ.

Мэкъуауэгъуэ маэмэ и 18-м Шыгъуэ ИкIыпIэкIэ зэджэм деж Балькъ дыщызэпрыкIри, ЯтIэкъуэ псым дынэсащ. Абы и Iуфэм мывэ сын лъагэ Iутщ, альдж (грек) хьэрфкIэ тхауэ тхыгъэ тету. Адыгэхэр а сым Дыкъуэ Бэчкlэ йоджэ.

Махуитl дэкIри, Мэшыкъуэ лъапэ дынэсащ, абдеж дащыжэзащ Тэтэрхъан и кьуэ Жанхъуэтрэ Кургъуокъуэрэ, Къазий Мэмэтджэрий, Жамбулэт Ислъам, Хьэтlохъущокъуэ Хьэмырзэ сымэ.

Тамбий гуэлым шыгъу кьыхах адыгэхэм. Къэбэрдеим нэмыщI, абы шыгъушэ кьокIуэ Псыжь адрыщI и щэрджэсхэри адрей бгырысхэри. Псафэ кьазауэ, Тамбий гуэл деж щыслъэгъуащ шыбз минищ, ахэр псори кьэбэрдеипщхэм яIащ. Шыхэм я нэхъыбэр пщIэгъуалэрэ пщIэгъупрэщ, псомэ шыр зей пщым и дамыгъэ ятедзащ.

ГЮЛЬДЕНШТЕДТ Иоганн.

P.S. Гюльденштедт Иоганн Антон (1745 - 1781) Ригэ кьыщалъ хуащ, Германием щеджащ. 1768 гъэм Урысейм кьэкIуащ, ильэситхкIэ (1769 - 1774 гъэхэм) Кавказым щыIащ, абы и лъэпкъхэм я тхыдэр, хабзэхэр, бзэхэр, я псэкIэр иджу. Гюльденштедт и тхыгъэхэр («Путешествие по России и Кавказским горам») Iэмэ-гъэмэ щызэхэльхьэсауэ 1787 - 1791 гъэхэм академик Паллас П-С. кьыдигъэкIауэ щытащ.

Хьэшыр Чылар Iуащхьэмахуэ и щыгум докI

• Iыгъэ

Генерал Эммануэль зэрызэхихымкIэ, Iуащхьэмахуэ и хъурей ящIэдыдьэ, уэрэдыжьэм уэлэбанэ ильэкIыпуэгъкым. Бгым щихьэм щыгъуэ генералым и пэкIэ ильэгъуащ ар зэрыегъэлеяр. Iуащхьэмахуэ льапэ зыхуэгъэ экспедицэ кьыззригъэщIыщ мурад иIащ Эммануэль. Академием хуитхащ апхуэдэ экспедицэм мыхьэнэ ин дыдэ зэрIэнур. Академиер акъылгъэу хъуащ. Эммануэль и жэрдэмымкIэ кьызэрагъэпэща экспедицэм унафэщI хуащIащ академик Кунфер, абы хагъэхьащ Академием и адъюнкт Лепц (физикэ уэрэдыжьэм уэлэбанэ ильэкIыпуэгъкым, Дерпт университетым и къэджакIуэ Мейер (ботаникэ IуэхугъэмкIэ). Академием и зоологическэ кабинетым и лъжакIуэ Менетрие сымэ. Экспедицэм гъуэ хуащIащ геологием фIыуэ хэзыщIыкI IэщагъэлIи.

МЭКЪУАУЭГЪУЭ маэмэ и 28-м, щэджагъуэ нэужым, сыхьэтиплIым дежи, академикхэри дзэ пакIи щыгъуэу, Псыхуабэ щекжьэри, Iуащхьэмахуэкlэ нунэтIащ Эммануэль. Балькъ псыхъуэ дэтуэ Мывэ лъэмыкым ижри, жэщыр абдеж щрахащ. Къэрэшей тхьэмадэхэмрэ къэбэрдеипщ зыбжанэрэ кьапежащ экспедицэм, хьэщIагъэ кIрахьи мурад ящIауэ жаIэри. КьащIыпежаг нэгъуэщI – экспедицэм и мурадыр зрагъэщIэн щхьэкlэIэт. Генералым абыхэм ящриIащ мурад Iей зэрамыIэр, зауэ ящщIыпIэн папщIэ кьызэремыжьар, кьыщIежьар бгылъэ щIыпIэхэм щыгъуазэ зыхуащIи, кьэкIыгъэ, мывэ хуэдэхэр зэхуахьэни, иджыри кьэсыми зримыкуфа Iуащхьэмахуэ, яхуэзфIэкIмэ, дэкIи мурад зэрапэ щхьэкlэщ. Тхьэмадэхэр тесабырэжащ, тыгъэ гуэрхэмкIэ хуэупсати, Iуащхьэмахэр льапэ нэс ядэкIуэтэнуи арэзы хуащ, тафэм кьытехьа нэужь, абы псы щыкIу куэд хохуэ. Мыщхьыджжкlэ зэджэ псы Псыхужьрэ щыхэхуэм дэ абы. А псым и Iуфэм Iусщ Дохьущокьуэхэ я жылагъуэ зыбжанэ. Налшыкыпсым и Iуфэм Iусщ Тэтэрхъан Кургъуокьуэрэ абы и кьуэшхэмрэ я жылэхэр. Щхьэпкьыуэрэ Кэнжэрэ я Iуфэм Iугуэшащ Кьундетхэ я жылэхэр, абыхэм унагьуэ минищым нэблагъэ дэсщ.

Мэкъуауэгъуэ маэмэ и 15-м пщы Тэтэрхъан Кургъуокьуэ гъусэ кьыскхуэхьун хуейти, ар Псыхуабэ кIуауэ кьыщIэкIащ. Пщым и уэркъитI кьыскхуигъэкIуащ, абыхэм нэмыщI, Бэчмырзэ Шэбэзджэрийрэ кьэзакьипщIэ сщIыгъуу гъуэгу сытехьащ.

Бахьсэн и сэмэгурабгъэмкIэ Гундэлэн псыр кьыхохуэ, абдеж щыслъ Хьэтlохъущокьуэхэ я жылэхэр, нэхъ ищхьэрэIуэкIэ, Кьызбгун пэмыжьжьэу, Мысостхэ я хэщIапIэщ, абыхэм я кIэкIэ Бахьсэн и Iуфэм Iусщ Жамбулэтыпщым и жылэхэр.

Кьундет Шэбэзджэрий деж щихащ жэщыр, маХуэм Кьунащхэ я жылэм дыщыхьэщIащ, абы щыщIыкIуэм мывэ сынитI срихьэлIри, сурэт ятесщIыкIащ; сынхэм тхыгъэ гуэрхэр тетщ. СынитIым я зыкъ пжыжьэкъым. Жамбулэт и кьуэ Бэчмырзэ и кхъэлэгъунэр. Бэчмырзэппщыр ильэс пщIей хуэдиз и пэкIэ кьрым зауэм хэкIуэдащ; ущрохьэлIэ Живэм щагуфIыкI и кьуэ генерал-майор Елмырзэ и хьэдэри. Ар ильэсипIл и пэкIэ Кьыслар щы-

Адыгэхэм ятеухуауэ

Къэбэрдейхэм, шапсыгъхэм, Псыжь адрыщI ис адрей адыгэ лъэпкъхэм я шуудзэм ебгъапщэ хъун зыщIыпIи щыслъэгъуакъым.

ТОРНАУ Федор.

* * *

Хахуагъэкlэ, Iущыгъэкlэ, дахагъэкlэ Тхьэр абыхэм (шэрджэсхэм) къаззрихуэмыупса кьэнэжакъым: а псомкIи ахэр къахощ Кавказым ис лъэпкъхэм. Я хунтынытIыгъэр зэрахьымэн лIыгъэ яхэлъу къэгъуэгурыкIуащ ахэр ижь-ижьыж лъандэрэ.

ОММАР де Гель.

* * *

Абыхэм (шэрджэсхэм) къапэлъэщын щыIэнутэкъым, зэгурыIуэрэ зы дзэпщым и унафэм щIэнвэтэмэ.

БАРБАРО Иосафат.

(Венеце). 1441 гъэ.

• Псалъэжьым къеIуатэ

«Сотей зэхудипIалъэщ»

1569 гъэм тыркухэмрэ кърым хьаным и дзэмрэ Азакъ (Азов) щежьэри, Индыл Iуфэ Iухьащ, я кхъуафэхэри я топхэри абы нэс ильэфащ.

ДЗЭМ я пашэр кърым хъан Долэт-Джерийт; я мурадыр Астрэхъан Урысейм фIаубыдынрати, Индыл техьэри, Астрэхъан нэс есыхащ. Абдеж урысхэр кьащыпэурри, Долэт-Джэрий и дзэр кьыхагъэщIащ.

Урысыдзэм хэтащ Тэрч кьалэ дэс къэбэрдей дзэпщым и шухэри. Нэгумэ Шорэ зэриткъмкIэ, Астрэхъан деж кьыщыхагъэщIа бийм я щхьэр кьыщIахьэри, Азакъкlэ кьаунэтIыжащ. Абыхэм я лъэужьыр кьахуурэ, тхыдэр щыхьэт зэрытехьэузмкIэ, къэбэрдей шухэм тыркухэмрэ кърым хьаным и дзэмрэ зэтраущIэтащ, шы, Iэщэ фIаубыдащ, бийм щыщ куэд гъэр кьащIащ. Абы щыгъуэщ, етх Нэгумэ Шорэ, «Сотей зэхудипIалъэщ» псалъэжьыр кьыщежьар (Тэнрэ Псыжьрэ яку дэлъ губгъуэм адыгэхэр Сотейкlэ еджэу щытащ). Псалъэжьыр кьызэрыбгурыIуэнуращ: Урысейм рэ Къэбэрдеймрэ ди уэрэ фыкъыхьэмэ, дэлъэкIи аращ кьыфщыщIынур.

АФЭ Думэныкъуэ.

Кавказым и гъэр

• ЗэпыщIэныгъэхэр

Белинский Виссарион гу зэрыльытэгъащи, «ди уэсакIуэхэм гущапIэ яхуэхьун хуейуэ щытами ярейщ Кавказыр, абыхэм дэрэжэгъуэ кьезыта, я пщынаIъэм и дамэр зышэщIа лъапсэщ ар!»

КАВКАЗЫМРЭ абы ис лъэпкъхэмрэ я хъыбар урыс литературэм япэ щызыгъэIуа уэсакIуэхэм, тхакIуэхэм ящыщщ Пушкиныр. Аращ адыгэ литературэм и япэ тхыгъэр хэIущIыу зыщIар: «Кавказ Iэлым» и кIуэм, Къаз-Джэрий, и кьалэмыпэм кьыщIэкIа тхыгъэр «Современник» журналым тридзэгъащ Пушкиным, псалъэ гуапэ дыщIигъри. Ар зытхами нэгъуэщI адыгэ куэдми нэIуасэ яхуэхьуауэ щытащ Пушкиныр, ныбжьэгъугъэрэ щыхугъэрэ кьаяIэтыззэрихьащ.

Арэрум кIуэуэ гъуэгу зэдытетым, Къэбэрдеим къэсауэ, Пушкиным гъусэ хуэхъуауэ щытащ полковник Бекович-Черкасский Федор Николаевич (Къасбулэт и кьуэ Тембот е Темырбулэт). И гъуэгуанэ тхыгъэм усакIуэм кьызэрыхигъэщащи, «ар пщIыгъуэмэ, укъыщыхъэщтыкIыи щыIэжьым». Гъусэ хуэхъури, Бекович-Черкасскэр Пушкиным дэкIуэтащ, Дарьял псыхъэм дишри, Арзрум нигъэсащ.

Абы и пэкIи и ужькIи Пушкиныр Бекович-Черкасскэмрэ зэхуэзауэ щытагъэнущ – абы шэч хэлъкъым: зэпрауэ, ныбжьэгъу зэхуэхьуат, етIуанэрауэ, а тIур зэблагъэт. Зэрызэблагъэр ящIэрэт езыхэм – абы зыри щыгъуазэкъым. ЩIэныгъэр зыщыгъуазэр нэгъуэщIщ: XVIII лIэщIыгъуэм щыщIэдзауэ, урыс усакIуэщхуэм и лъэпкъымрэ къэбэрдеипщ цIэрыIуэ Бековичь-Черкасскэхэмрэ лъыкIэ благъэ зэхуэхъуауэ щытащ – абы щыхьэт зэхуэуэ Пушкинхэ и лъэпкъым и тхыдэр зыхута щIэныгъэлI Веселовский С.Б.

Кавказ зауэр кIуэ пэтми щызэщIэплъэ зэманщ Пушкиныр ди лъахэм кьыщIихьар, зауэ гущIэгъунщэм и щхьэусыгъуэкэр, абыкIэ кьуаншагъэ зыбгъэдэлъхэр зэрыхуэзэмылуэм щхьэкIэ, лIэщIыгъунтIым нэблагъэ дэкIауэ, усакIуэм гукъанэ щыхуэпщIыни уигу щIебгъэни щыIэкъым. Нэхъыщхьэращи, Кавказым щитха усэхэм Пушкиныр гуапэу щытопсэльыхь бгырысхэм, щыхугъэм, лIыгъэм я щапхъэущ ахэр зэриIыпытэр.

Ди лъахэм тIунейрэ щыIащ урыс усакIуэщхуэр – 1820, 1829 гъэхэм. И нэгу Кавказым, псалъэм папщIэ, Къэбэрдеим, щыщIэкIамрэ щилъэгъуамрэ Пушкиным лъабжьэ хуищIащ «Дон», «Гъуэгуанэ тхьэусыхафэ», «Кавказ», «Бгы къыгуэуа», «Делибаш», «Къазбэч лъапэ тет къуТыпырыф», «Куржым и Iуащхьэхэр...» усэхэм, «Кавказ и гъэр» поэмэм (езы усакIуэм зэритхыгъащи, «шэрджэсхэм я хабзэхэмрэ я хьэл-щэнхэмрэщ абы и купщIэ нэхъыщхьэр»).

Арэрум щыкIуэм щыгъуэ Псыхуабэ зыщIэжьауэ щытащ Пушкиным. Куэд щыхьэт тохъуэ абы урыс усакIуэмрэ Нэгумэ Шорэрэ зэрыщыззхуэзам. Академик Берже итхыгъащ: «Нэгумэр фIыуэ зыщIыхуу щыта къэбэрдейхэм зэрыжаIэмкIэ, абыхэр Пушкинымрэ Псыхуабэ щызэхуэзащ, ар усакIуэм дэIэпыкъуащ хъыбарыжьхэр щызэхуихьэсым щыгъуэ. Езыри теIэзэщIыхьащ Нэгумэм урысыбзэкIэ зэридзэкIа адыгэ уэрэдыжьхэм».

ЩIэныгъэлIхэм зэральытэмкIэ, Пушкиным и «Тазит» («Галуб») поэмэм (нэмытхысауэ кьэнащ) лъабжьэ хуэхъуар Нэгумэ Шорэщ, абы щэ щыгъ кьытепхьэркъым, поэмэм и лIыхъужь нэхъыщхьэмрэ «зи гур щIэныгъэм кьиуIа бгырыс Iэлымрэ» зэбгъапщэмэ: ТIури щIокъу хабзэ мыхъумыщIэхэм я Iэмыщlэ кьызэрикIыным, кIыфIыгъэм и хьэтъэр зэрызыщхьэщахьным.

1871 гъэм «Заря» журналым тридзауэ щытащ Бытырбыху щыщ ткакIуэ гуэрым, Бурнашов В.Г., и «IукъэкIыжхэр». Абы зэритхымкIэ, «Сын отечества», «Русский вестник» журналхэр кьыдзэзыгъэкI урыс тхакIуэ Iреч Н.И. и унэм цIыху цIэрыIуэ куэд щызэрихьэлIэу щытащ. Iреч и унэм щIэх-щIэхьыурэ ихьэ хьэщIэхэм ящыщащ Пушкиныр Хьан-Джэрийрэ «Урыс къэралыгъуэм и тхыдэ» цIэрыIуэр зи кьалэмыпэм кьыщIэкIа Карамзин Н.М. и унэми куэдрэ еблагъэу щытащ. 1835 гъэм щегъэжьауэ усакIуэр махуэ кьэси щыхьэщIащ а унэм, абы Пушкиныр Хьан-Джэрийрэ зэрыщызэрихьэлIам щэч хэлъкъым. Пушкиным кьызэригъэпэщауэ щыта «Современник» журналым и япэ номерым традзэгъащ Къаз-Джэрий и «Хьэжьитlэгъуей ауз» повестым щыщ пычыгъуэ. Къаз-Джэрий и повестым мыпхуэдэ псалъэ дыщIигъуащ Пушкиным: «Мыр дэ дызыпэмыплъа Iуэхугъуэ тельыджащ! Кавказ Iэлым и кьуэр ди тхакIуэхэм кьабгъуроуэз; адыгэ щIалэм урысIыбзэр хуиту, щIэращIэу икIи лъэщу егъэшэрыуэ. Дэ зы псальи щызэтхъуэкIакъым фи пащхьэ итлъхьа пычыгъуэм. ГъэщIэгъуэнкъэ: щIэныгъэм и IэфIыпIэр зыхэзыщIа Къаз-Джэрий епцIыжакъым и лъахэм щызекIуэ хабзэхэм, и лъэпкъ тхыдэм...»

«Современникым» и етIуанэ номерым Пушкиным тридзащ Къаз-Джэрий и къалэмыпэм кьыщIэкIа езыгъэщI зы тхыгъи – «Къэжэр таурыхъ» рассказыр.

Къаз-Джэрий Пушкиным и журналым тридза тхыгъэм кьыщытхъуауэ щытащ урыс критик цIэрыIуэ Белинский Виссарион. Абы гу зэрыльытащи, япэ адыгэ тхакIуэм и «повестыр фагъуэ щIэхъуэкIыркъым «Современник» журналым и япэ номерым традза адрей тхыгъэ хэм» – ахэр зи Iэдакъэ кьыщIэкIар езы Пушкин, Гоголь, Жуковский сымэт. Белинскэм итхыгъащ: «ХьэжьитIэгъуей ауз» щэрджэсым (СуТъТан Къаз-Джэрий) зэритха къудеймкIи гъэщIэгъуэнщ, ар ди тхакIуэ цIэрыIуэ куэдым нэхърэ нэхъ хуэщэрыуэщ урысыбзэм».

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

• Тхыдэ картэ



Къэбэрдеишхуэ.
Картэр 1770 гъэм ящIащ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Си еджапІэ - си къежьапІэ

● ФокІадэм и 5-р Егъэджакіуэм и махуэщ

2006 гъэм нэхІугъэуэм и 15-м УФ-м и Президентым кІыхьигъэкІа унафэм ишІэ иткІэ, егъэджэныгъэм хэтхъэныгъэфІэкІэ зэрыхуищІам папщІэ Налшык къалэ дэт 2-нэ лицейм и унафэщІ Мэлбахьуэ Борис Къасболэт и къуэ «Урысей Федерацэм и щыхубз егъэджакІуэ» цІэ льапІэр къыфІащащ.

АПХУЭДЭ щІыхь Мэлбахьуэм къыхуэзыхьар и Іуэхущ Іафэхэрщ. Ар унафэщІ щэджащэщ, зыужьыныгъэм и хэкІыпІэхэр наІуэ зыпІыагъ ІэщІагъэлІщ. Абы и унафэм щІэту мэлажьэ си школ кІуэгъуэ мыхьуа сабийхэр щагъасэ, щрагъадж Іуэхущапіэр зыхэт, льэныкъуэ куэдкІэ зызыужьа гимназиер. Льэпкъ 34-м кьыхэкІа еджакІуэ 1800-м щІигъу зэкІуалІэ лицейм льэпкъ, урысей, дунейпсо щэнхабзэхэр кууэ щрагъэдж.

Мэлбахьуэ Борис 1946 гъэм шыщхьэІуэм и 21-м Тэрч къалэ къыщалъхуащ. Курыт еджапІэ нэужьым, КъБКъУм зыбжанэм и факультетым щІэтІысхьэри, егъэджакІуэ Іэщ Іагъэр зригъэгъуэтащ. Лэжьэн щыщІидзащ Дей курыт еджапІэм, нужькІэ школ зыбжанэм егъэджакІуэ, унафэщІым и кІуэдэзу, унафэщІу щылэжьащ. Зэрылажьэм хуэдэуэр кандидат, доктор лэжьыгъэхэр пхигъэкІащ, профессорщ.

Мэлбахьуэр сыт хуэдэ лъэпощхьэпомэ тынщу пэтъащ, зи гупсысэр пхызыгъэкІыф, зи щапхъэхэмкІэ коллективым гъуазэ яхуэкІуэ Іэщ ІагъэлІщ. Апхуэдэ щэнхэрэ Мэлбахьуэм сэбэн кьыхуокІуэ и нэІэ щІэт лэжьакІуэ 200-р зэгурыІуэрэ-зэдзІуэжу игъэлІэжьнымкІэ. Абыхэм ящыщу 8-р УФ-м, КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІэщ, 45-р ирысей егъэджныгъэм и отличникщ, 11-р Сорос и саугъэтым и лауреатщ. Лицейм щІэныгъэхэм я докторру егъэджакІунтІ, кандидату 14, нэхъыщхьэ, ятю категорие зиІэу 102-рэ щолажьэ.

Материально-техникэ лъабжьэ лъэщ щызэфІигъэуващ Борис зи унафэщІ лицейм. Кабинетрэ классу 100-м щІигъум иджырей унэльащІэхэр щІигъэуващ, телевизор, аудио-видео аппаратурэхэр яІэщ, компьютери 148-рэ щІэтщ.

Борис зыпэрыт Іэнатіэм ІэтІым щытекІуэри, «ЩІыхубэ школ» цІэ льапІэр къыфІащащ. Лицейм и интернет-сайтыр УФ-м и школ сайт нэхъыфІхэм хабжэри, саугъэт нэхъыщхьэр къыхуагъэфэщащ.

КъБР-м и щІэблэм щІэныгъэ льагэ зэрабгъэдилъхьэр, и лэжьыгъэр иджырей техникоинтеллиэм тету зэрыригъэкІуэкІыр, лицейр сыткІи щапхъэу зэрыщыстыр къаІэтэри, «Гъэм и еджапІэ нэхъыфІ» урысейпсо зэпеуэм 1995 - 2002 гъэхэм лауреат щыхъуащ, «ПІэщІыгъуэ и школ» щІэр къыхуагъэфэщащ, Сорос и саугъэтыр кІратащ, «Урысейм щІэм тету лажьэ и школ»хэр, ЗэрызэфІэувамрэ зэрызнужьыыпмрэ» тхыльым иратащ.

Егъэджэныгъэ Іэнатіэм хиІуа хэтхъэныгъэ хэм кьадэкІуэу, тхыдэр фІыуэ зыльагъу Іэщ Іагъэлі щэджащ Мэлбахьуэ Борис и Іэдакъэ къыщІэкІащ «Средневековая Кабарда», «Сквозь столетия», «Кабарда во взаимоотношении России с Кавказом, Поволжьем и Германским царством», «Кабарда в период от Петра I до Ермолова», «Кабарда на этапах политической истории-монографиехэр. Къэбэрдейр курыт іэщІыгъуэхэм, Кавказ Ищхьэрэм теухуа тхыгъэ 100-м щІигъу къытырригъэдзащ.

Мэлбахьуэм и лэжьыгъэфІхэм папщІэ 1992 гъэм «КъБР-м щІыхубэ егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ», 1999 гъэм «УФ-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ» щІэ льапІэхэр къыфІащащ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ заужьыным хэтхъэныгъэкІэр зэрыхуищІам къыпэкІуащ ЮНЕСКО-м и щІыхь тхыльр, «Сабийхэр гъэсэным, егъэджэным ильэс куэд щІауэ зэрыхуэлажьэм папщІэ» КъБР-м и Президентым и Щ1ыхь тхыльр 2006 гъэм къыхуагъэфэщащ.

Сыт хуэдэ Іуэхушхуэми тегушхуэу, зыужьыныгъэм и хэкІыпІэхэр нубзыхуфу, зэпІэзэрыту, щыхуГэ хэпІуэ зэрыщытым къыхэкІкІэ, Мэлбахьуэ Борис ди республикэм и мызакъуэу, зэпеуэм 2005 гъэм хэтати, пашэныгъэр кьыщихьащ, кьыщынэмыщІауэ ИнтернетымкІэ ирагъэкІуэкІа щыхубэ Іэуныщ.

ШЫПШ Даянэ.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Куэд зыхуэзэфЫкІ Мэлбахьуэ Борис

Вэрокъуэ Іэсият

Псэм къищтэр

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм зегъэужьным зи гущІэ езыхьэлІахэм ящыщщ Малкэ къуажэм щыпсау Вэрокъуэ Іэсият. Ар ильэс 25-м щІигъуауэ а лэжьыгъэм жыджэру зэрытщ икІи зы ильэсым нэхърэ къыкІэлъыкІуэм нэхъ иригъэфІакІуэу, щІэрыщІэхэр хилъхьэу апхуэдэщ.

ІЭСИЯТ АДЫГЭ бынунагъэушхуэм къыщалъхуащ. Адэ-анэр жэщ-махуэ ямыІэу лажьэрт, и бынхэм Іэщ Іагъэр щІэныгъэрэ ирагъэгъуэтын папщІэ. А мурадыр кьехъулІащ адэ-анэм: псори гъэзугу тэмэм трагъэуващ, щхьэж и псэм къыщтэ Іэщ Іагъэм хурагъаджэри. Ди тхыгъэр зытеухуа Іэсият зэрыщІыкІуэрэ егъэджакІуэ Іэщ Іагъэм щхьэгъэпсыри, курыт школыр кьэри Налшык дэт педучилищэм щІэтІысхьащ.

1981 гъэм ехьулІэныгъэкІэ еджэныр зэфІигъэкІри, ар лэжьыгъэ Іэнатіэм пэрыуващ. ЕгъэджакІуэ ныбжьыщІэм ящІ льэбакъуэхэр щичащ Дзэлыкъуэкъуажэ дэт курыт школ № 1-м. Гу зэІухакІэ егъэджакІуэ гупыр къызыпежьа Іэсият езыри псэ кьабзэкІэ пэрыхьащ фІыуэ ильагъу лэжьыгъэм. Іэсият хущІэхьурт пэщІэдзэ классхэм щІэс щыкІуэм щІэныгъэ куу зэрабгъэдилъхьэным, ахэр Іэдэбу, щэныфІэу, я Хэкур фІыуэ ялъагъуу гъэсэным.

Апхуэдэ лэжьыгъэшхуэм къыдэкІуэу, Іэсият щІэчэ имыІэу и щІэныгъэм хигъахьэрэ, ар КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым и адыгэбзэ къудамэм щІэтІысхьэри, щІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтащ. А льэхъэнэм хуэзащ Вэрокъуэм и ятю къэхутэныгъэхэри. Адыгэ литературэм хуабжу диныхь Іэсият абы и зыужьыныгъэмрэ иджырей щытыкІэмрэ набдзэгубдзаплъэу кІэлъыплъырт. Абы теухуауэ щытащ Вэрокъуэм и къэхутэныгъэ лэжьыгъэ «КІуащ БетІал и тхыгъэхэр пэщІэдзэ классхэм зэрыщегъэджилъхьэр» жыхуиІэр. Ар егъэджакІуэхэм къажэхущхьэпэн методикэ лэжьыгъэ купщІафІэт икІи егъэджэныгъэр ятю зыгъэкІуатэ Іуэхутъуэхэм ящыщт.

Апхуэдэу, зэфІэкІрэ къарууэ иІэр зыпэрыт Іэнатіэм ирихьэлІэу, ильэс 18-кІэ Дзэлыкъуэкъуажэ курыт школым щылэжьащ Вэрокъуэр. Ильэс 8 хуэдизу Іэсият Малкэ дэт курыт еджапІэ № 3-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ щрегъадж. Иджыпсту Іэсият 11-нэ классым и унафэщІщ. Абы щІэсхэр адрей еджакІуэхэм ка-хощ я хьэл-щэн дахэмкІэ, егупсыу, гумызэгъэу зэреджэмкІэ. Вэрокъуэр ирогушхуэ икІи иропагэ езыр зи унафэщІ щыхьэ.

- Си гъэсэнхэм ящыщу зыри к ы х э з г ъ э щ х ь э у к І ы фынукъым, апхуэдизу псори сабий гъэсахэщ, жьІэщІэ защІэщи. Дэтхэнэми и зэфІэкІ хэлъхьэ ди ехьулІэныгъэхэм адэкІи кьахэхьэуным, льагапІэщІэхэр кьэтщтэным, - жеІэ Іэсият. – Ахэр сыт щыгъуи жыджэру хэтщ район олимпиадэхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм.

Вэрокъуэм и псэмыблэж лэжьыгъэм папщІэ кІратащ Дзэлыкъуэ районым и администрацэм и гъэдэжныгъэмкІэ и къудамэм и щІыхь тхыльхэр, тыгъэ льапІэхэр. ЕгъэджакІуэхэм я зэпеуэми абы «Ильэсым и егъэджакІуэ» цІэ льагэр кьащцихьауэ щытащ. Мы гъэм абы и мурадщ «Егъэджэныгъэ» льэпкъ проектым ипкъ иткІэ екІуэкІ зэхьэзэхэм хэтыну, и зэфІэкІ республикэпсо утыкум щрагъэлъагъуэу.

ЕгъэджакІуэ гумызагъэр апхуэдэуи унэгущІэ тэрэзщ. Абы и щхьэгъусэ Арсени и гъащІэр зыхуиІэпсар щІэблэм щІэныгъэ, гъэсэныгъэ етыныщ. Ар тхыдэмкІэ егъэджакІуэу ильэс куэдкІэ щколым щылэжьащ, мы зэманым Малкэ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэщ. Зэщхьэгъусэхэм я бынхэри ХьарзынэщІи, ар ехьулІэныгъэу яІэ псоми я щхьэщ.

ХЬЭМЫКЪУЭ Светэ.

Дзэлыкъуэ куей.

Вэрокъуэ Іэсият

● ДифІ догъэтъапІэ

Ильэс тхущІ хъуауэ

Урыс Раисэ

Щыхур балигъ хъуауэ гъащІэм лъэ быдзкІэ зэрыхуэвэр псом япэу зи фІыщІэр и адэ-анэрщ. Ауэ ахэр сабийм зэреІалІэм къыкІэрыхуу къыщІэкІыныкъым щурыт школым ильэс 11-кІэ кьащІдзэлажьэ егъэджакІуэхэм я гуГуэхэрщ. ЩІэблэр гъэсэным, егъэджэным, хьэл зэпхъэрыт яІу балигъ гъащІэм хуэгъэзыжьыуэ я лъэныкъэкІэ нужьрейхэми я пщІэ кьыдэхуэ кьаІэныр кьыпхуэмыльытэжьыр хуэдизщ.

ЕГЪЭДЖАКІУЭМ сабийм и пащхьэ щрихь жэуапІныкІэр нэсу зыхэхэзыщІэ, егъэджэныгъэ Іэнатіэм ильэс 50 хьуауэ пэрыт, «ЦІыхубэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ УФ-м и отличник» цІэ льапІэр зезыхьэ, СССР-м и Совет Пэжьащхьэм и Президиумым «И лэжьыгъэфІым папщІэ» медальр зыхуигъэфэщащ егъэджакІуэ гъэзэджэщ **Урыс Раисэ Бажэнэ и ныхьэр.**

Раисэ Аруан районым хыхьэ Старэ Шэрэдж къуажэм кьыщалъхуащ, курыт еджапІэр абы кьыщыхэри, куэд щІауэ гу зыхуищІа Іэщ Іагъэм хуеджэну КъБКъУ-м щІэтІысхьащ, Кьыхэприухьу, 1958 гъэм урысыбзэмрэ литературэмкІэ егъэджакІуэу Жэмтхьэлэ кьуажэм ягъэкІуащ, зы ильэс дэкІа нужь, Партан кьуажэм дэт 2-нэ курыт школым и лэжьыгъэм щыпищащ. Ильэс 23-кІэ иригъэджащ Раисэ нартандзэхэр, абы щыщу ильэсри 10-м егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ школым и унафэщІым и кІуэдзэу щытащ, еджапІэм и парт бюром и секретарэу ильэсри 8-кІэ лэжьащ.

Школыр Іэщ Іыб ищІын хуей щыхьуи кьыхэхуащ Урысым и гъащІэм - 1982 гъэм ар хахащ Партан кІуажэ советым и щІыхьэ депутатэм и исполкомым и Іэтащхьэм и кІуэдзэу, нужькІэ исполкомым и унафэщІу лэжьащ.

А льэхъэнэр дэкІри, Т.Хьэм къыщыхуГэщІауэ кьиІытэ Іэщ Іагъэм - щІыкІуэм щІэныгъэ гъэзугъэныным - пэрыхьэжащ. 1988 гъэм къыщыщІэдзауэ 1995 гъэ щІоиндэ пэщІэдзэ школым и унафэщІу щытащ Раисэ, 1995 гъэм щІегъэжьауэ нобэр кьыщІэсым унафэщІым и кІуэдзэщ икІи егъэджакІуэщ.

Урысым зыпэрыт Іэнатіэм щІигъэхьагъуэ Іэзагъым льаб-жьэ хуэхъур ильэс куэд щІауэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм кьыщищІа Іэмалхэрщ, сабийм и гупсысэкІэмрэ абы нэхъ тынщу кьищтэмрэ зэрыІэхигъэкІыфырщ, щІыкІуэм уаэзрыдэлэжьным и щэхур кьыхэзэрихуэгафэрщ. Абы и дерсхэр сыт щыгъуи зэІухащ адэ-анэхэм я деж кІи, кьыдэлажьэхэм я деж кІи. Егъэджэныгъэм и хэкІыпІэ пажжэр кьызэрилъхьуэм, дерсхэм я зыкІэпыигъэкІуэкІэ тэмэмыкІэ адерейхэм зэрадэгуашэм, и Іэзагъыр нэхъ льагэ зэрищІыным сыт щыгъуи зэрыхуэпабгъэм кьыхуихьащ районым и егъэджакІуэ нэхъыфІ дыдэ хэм Раисэ зэрыхабжэр.

Шэджэм районым и мазакъуэу, кьэрал псом кьыщалъытащ абы и гуащІэр. «Урысейм егъэджэныгъэмкІэ и отличник» цІэ льапІэр, «Ленин Владимир кьызэралъхуэр ильэси 100 зэрырикъум ирихьэлІэу. И лэжьыгъэфІым папщІэ медальр, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и Щ1ыхь тхыльыр, Щэджэм район администрацэм, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ район кьудамэм я щ1ыхь тхыльхэр кьыхуагъэфэщащ. Абы и пащІэр зыІутхэм ящыщщ «Партан кьуажэм щ1ыхь зиІэ и цІыху» цІэ льапІэр кьызэрыфІащаи.

А псори кьызыпэкІуар Іэнатіэ зэрыпэрыувэрэ лэжьыгъэм гуроэ псэкІэ етауэ зэрыпэрытырщ, гъащІэм гъэгуанэ дахэ зэрыщІыхишарщ. Раисэ ныбжьыщІэ куэдым фІыкІэ ягу кьина егъэджакІуэ телъыджащ.

Мы гъэм ильэс 50 ирокъу Раисэ и Іэнатіэм зэрыпэрыувэрэ. Махуэщ Іэ кьэс и щІэщыгъуэу и Іэнатіэм пэрохьэ Урысыр, зыхэт ныбжьыщІэхэр и бынхэм яхуеГаджэри, я макъ щызэхимыльмахуэр кьеМольхьлІауэ кьиІытэу.

- Дэтхэнэ сабийми езым и хьэл-щэн иІэжщ, дэтхэнэми и щхьэм акъыл гуэр щыгъэтІыльащ. А псори зэпэмыльыту щхэтхэм хуеГаджэ, абыхэм и зэфІэкІыр кьэпхутэуэрэ, абы зэрызебгъэужьыным упылъу. Сэ кьызэрыслъытэмкІэ, сабийм егъэджэныгъэм щызыпэрыгъэхьэну ельэгъэныгъэм я процент 99-р зэпытар дэращ - егъэджакІуэхэрщ. Егъэджэныгъэ уху кІэм жэуап нэхъыбэ зыхьу хэтыр егъэджакІуэр зэрыхарар кьэптыпэу, дегупсыу дыдэжьэн хуейщ. Абы папщІэ нэхъапэу щыкІуэр тедгъэгушхуэн хуейщ, ящІэ мащІэр яІэщІэдмыдуу, жэуап нэхъыбэ кьапытхьну дыхэткІэрэ.

ЩІэблэм уадэлэжьынкІэ кьызэрыгуэкІ лэжьыгъэу зэрыщымытыр псом я дежкІи гурыІуэгъуэщ. Ильэс кьэс гугъуэхь гуэрхэм Іуэрми, ахэр тыныр зэрызэфІихьэн Іэмалхэр блэкІа ильэсхэм кьыхуибдыжьащ Раисэ. - ЕгъэджакІуэфІу ущытынырэ гуГущІ, - жеІэ абы. - Ауэ си Іэщ Іагъэр псом нэхърэ нэхъыфІу, сэбэныпагъ нэхъыбэ пытпу кьыщІэсльытэр сабийхэм ельэлІауэ зэрыщытырщ.

Кьуажэм кьыщІэхьуэ щІэблэм гъуаэзэ яхуэкІу егъэджакІуэ псэемыблэжьым, я бынхэр гъэзугу зауэм зэрыкьунэтІым щІэкІэ, адэ-анэ куэд зыхуэхуахъуэ ящІыкІэм езым бынитІ иІащ. Псоми щІэныгъэ нэхъыщхьэ яригъэзугъэтауэ, екІуу гъащІэ гъэугуанэм тетщ.

КьиІытэ Іэщ Іагъэ гъэугуанэр гугъуехьыныщэу щымытами, ар зэи щегъуэжьакъым, нэгъэущІ Іэнатіэ ельэупсакъым. Уэ етІуанэ хуэкІуа кущІ. Псоми щІэныгъэ ирагъэжьну, уфІэмыльІыкІкІэ Іэмал иІэкъым. Студентхэм щІэныгъэкІэ кьыкІэрыху яхэтмэ, емышыжьу ядэлэжьэнущ икІи экзаменхэм тэмэму хуигъэхьэзырынущ.

Блийм и Іэмыщ Іэ иТь гупым зы студентми егъэныр хьІфІ-ризмыГъэгъадзэу университетыр кьаригъэуХащ. Езыми и Іэщ Іагъэм хигъахьэуэ, тхылъ куэд щІиджкІыу аплъэхудэщ. «Уэ фІы умыщІауэ, нэгъэущІым абыкІэ ущымыгуГ», - жеІэ Луиз. - абы зыри кьыкІынукъым. ІофІагъымрэ гуапагъэмрэщ дунейр зэтезыльІэр».

Сэри си фІэщ мехуэ апхуэдэ егъэджакІуэ щыпкъэм и гъэсэнхэми щапхъэ зэрыртрахынур. ШэчхэлІ хуэжьыгъэм абы. Іэщ Іагъэлі Іхьарзынэ, зэхэщІыкІ зиІэ цІыху гуапэ кьаІэрыхьэкІам.

БЭЛЭТОКЪУЭ Светэ.

Налшык къалэ.

● ФІыщІэ

Сыт щыгъуи

Ди къэралым ильэс тІощІ и пэкІэ кьыщежьа зэхьэуэкІыныгъэхэм егъэджакІуэхэм я Іуэхур нэхъ гугъу ищІащ. Зэманыр зэрыгуГур щхьэусыгъуэ ихуэхьу хьунукъым, Іуэхур сабий егъэджэнымрэ гъэсэнымрэ щыхуэхьуэм и деж. Ар кьыгурыІуэу и Іэнатіэм бгъэдэтщ Белгород къалэм дэт университетым и кьудамэу Налшык щыІэм и егъэджакІуэ Блий Луиз.

МЫ ГЪЭМ а университетым и экономикэ факультетыр къэзыуха гупым и старостэ Дедюхинэ Тамарэ и курсэгъуэм я щІэкІэ зыкьыхуигъэзащ я егъэджакІуэ хьэлэмэт, куратор Іуф Блийр гъэтеджэхэм кьезгъэщІыхуну. Сэри ар гуапэ кьыхуихьауащ, сыту жыпІэмэ кэуд щІат апхуэдэ лъэІу сызэрымихьэлІэжьрэ. Нэхъыбэр тхьэуасхэу аращ еджапІэхэм щІэ зэфІэмыхьэныгъэхэм щхьэкІэ.

Университетыр кьэзыуха ныбжьыщІэхэм кьызэралъытэмкІэ, Луиз егъэджакІуэ нэсым и щапхъэщ, гъэсакІуэ Іущщ, дэтхэнэми пщІэ хуэзэыщІщ. АпхуэдизкІи нэмысыщхьэ хэтыщІ, уцымыуКІытэнкІэ, уфІэмыльІыкІкІэ Іэмал иІэкъым. Студентхэм щІэныгъэкІэ кьыкІэрыху яхэтмэ, емышыжьу ядэлэжьэнущ икІи экзаменхэм тэмэму хуигъэхьэзырынущ.

Блийм и Іэмыщ Іэ иТь гупым зы студентми егъэныр хьІфІ-ризмыГъэгъадзэу университетыр кьаригъэуХащ. Езыми и Іэщ Іагъэм хигъахьэуэ, тхылъ куэд щІиджкІыу аплъэхудэщ. «Уэ фІы умыщІауэ, нэгъэущІым абыкІэ ущымыгуГ», - жеІэ Луиз. - абы зыри кьыкІынукъым. ІофІагъымрэ гуапагъэмрэщ дунейр зэтезыльІэр».

Сэри си фІэщ мехуэ апхуэдэ егъэджакІуэ щыпкъэм и гъэсэнхэми щапхъэ зэрыртрахынур. ШэчхэлІ хуэжьыгъэм абы. Іэщ Іагъэлі Іхьарзынэ, зэхэщІыкІ зиІэ цІыху гуапэ кьаІэрыхьэкІам.

Луиз и дэ зэи тщыгъупщэнукъым, - жеІэ абы иригъэджакІэм. – Ар ІофІу ди гум сыт щыгъуи ильынущ, Тхьэм гъапІэ кІыхь кьрит!

Сэри си фІэщ мехуэ апхуэдэ егъэджакІуэ щыпкъэм и гъэсэнхэм щапхъэ зэрыртрахынур. ШэчхэлІ хуэжьыгъэм абы. Іэщ Іагъэлі Іхьарзынэ, зэхэщІыкІ зиІэ цІыху гуапэ кьаІэрыхьэкІам.

Блийм и Іэщ Іагъэм хигъахьэуэ, тхылъ куэд щІиджкІыу аплъэхудэщ. «Уэ фІы умыщІауэ, нэгъэущІым абыкІэ ущымыгуГ», - жеІэ Луиз. - абы зыри кьыкІынукъым. ІофІагъымрэ гуапагъэмрэщ дунейр зэтезыльІэр».

Сэри си фІэщ мехуэ апхуэдэ егъэджакІуэ щыпкъэм и гъэсэнхэми

МАФІЭДЗ Сэрэбий

Уэрэд макъамэ

Повесть

(КІэуэхьр. ПэщІэдзэр №№187, 188, 192, 193, 194-хэм итщ).

4. Тхъэкіумэкіых лъакъуэ

ГУКЪЭКІЫЖХЭ РэиЭр Кьантемыр и закъуэтэкъым. Ищіам хущіегъэжу, шэч гуэр кьытрихьэжу ТІуш игъащІэм и мыхьэіаим, зы Іуэху абы зыхуигъэгъажьрэ къым, гуэныхьшхуэ кьиХьауэ итьытэу. Нэхъ жьы хъужыкІэ, ар нэхъыбэрэ игу кьридзэрт, Кьемэт махуэ кьыпэплъэм Даниэзт щыІуцІэжмэ, абы жриІэнчр кьыхуэмыгупсыс арат...

Жэщ кІыфІ зэкъ ту ТІуш шыгур зэщІищІащ, шым яшхьиу мэкъу Іэмбатэм щІакІуэр триубгъэрэ и ящ лъэщыджэ Даниэзт абы тригъэтІысхьащ. Гъэзгур кІэщІтэкъым. Ауэ шитІыр лъэрызехьащ, нэхулъэ кьыщищым нэсынхэщ Налшык бззэрым. Ар Іуэхукъым. Нэхъыщхьэр зыхуеІэр кьеХьулІэнырщ. ТІуш гъэбгу тех ьащ. Жьыуэ щІэтэджауэ бззэрым кІэрыр абы и закъуэкъым - нэгъэщІу гу Іуэуэльуэхэри щыІэщ.

КъуэкъыпІэм зиукъэбзу щІидзащ, пшэпІъ дахэу. Ящ ит гум бззэрым мэкъу ешэ. Модрейм жэмыщІэ кІэрыщІам и ужь иту щІалэтэнчыкІэ кІэльоуэ. Нэху щыуэ хуеІыкъуэ ТІуш кьаІэм дыхьащ. ЩІыхухэм заужь. Бззэр Іуэху зиІэкэр уэрамхэм кьыдоужьыгъэ. Зы фыц куэбжэпэм щІыту и Іам кІэпІоджэ:

- Джэд нэхърэ нэхъыфІщ тхьэмкІуэкІыхь укІи кьэщІэхуи. Ауэ, кьызжиІакъым жумыІэж, тхьэкІумэкІыхьым и лъакъуипІІри пыупщІауэ кьыумыщІэ ху. Зы лъакъуэр пытму, и фэри темыхьауэщ кьэпщэхунр!

Ар ТІуш игъэщІэгъащ. Дунейм сыт абы кьикІыр? Сыт абы зэхуакуэ яІэр, зы лъакъуэр пытми, зыри пымытми? Бззэрым нэсыхункІэ ТІуш и щхьэр абы трикъуачІэ, итупсыкъу, фыхьм и псалъэхэр кьыгурымыІуэу. Даниэзт еупщІати, абыи ищІэртэкъым.

Цыхуэр зэкохьэ. Дыгъуасэ кьыжаЖм щешхэ уэпхьр мыбы нэхъ ину щыпшІатащ. Псы инахэм кьыпакІухьу, кьыпаЖьхьу лІыхэри, фыз хэри, сабийхэри зэрызохьэ, бззэр дыхьэпІэм щызэтриІухьэу. Бззэрыпэ кьыхэзыхь лІыгъэр зыгуэр зыщІэну кьэкІуахэм я матэхэм, зыгъэхэм йоплъэ, жьэ мардэу бззэрынэ уасэу жаІам яхутекІыркъым. Кьызэрыгъэтэмакъэри мащІэкъым. Хэт зэжьэ хоуэ, хэт зодэмэпкьауэ.

ТІуш гур щигъэувын кьиЛъыхьэу пІэсу гроп кьызэхихьащ. НэгъэщІ щыІэкъым, Іэщ щапІэм и гъэнэгъу зимыщІмэ, ауэ ТІуш абдеж кьыщІмувыІэну хуейкъым. Сытми, зыгуэрхэм елъэІущ, щыдыгу, ящ, шызакъуэгуэр зэщІигъэгъэкІуатэри, ТІуш и гур ипщэ хъыдыкъэпІэм пэгъунэгъуэзу игъэуващ. Абы кІэщ, зэрыхуигъэфащкІмэ, ар зыщыгугъыр кьыздикІыну. Шыхэр щІимыгтыкІыу ику ит постромкІэхэр фІиГъэхущ, шыгуКъупэ иерпІар кьыфІихщ, хэмутыбгъэхэр итІатэри, ТІуш шитІым заригъэгъэзащ, гублащхэм кІэ кьигъэкІуэта мэкъум иригъэувалІэу.

- Уэ мыдэ ис, сэ иджыпсту фэ хэр сщэнщ, ящурэз мы хъун Дисэ удыжьыж и джэдыкІэхэри... Сэ сыкьэгувэнкъым, кьызат и уасэу джэдыкІэхэр естынщ,

Пэж дыдэу, кьыззрыта щымыІэу, ахъшэр и Іэмыщ Іэм ирикъуэзу, ТІуш кьигъэзэжащ. Ар нартыху путым еІуСэртэкъым.

- Нартыхур пщэнукъэ? - жиІащ Даниэзт, лІым ар ІэщІъэгъущыкІа фІэщІу.

- Хьэуэ, иджыпсту нартыхуэ куэдыІуэ тетльщи, уасэ иІэнукъым. ТІэкІу сызэІупльынщ. Мыр аращ: зыщэм нэхъ пІуду, зыщІэзыщ хэм нэхъ пІуду, зыдогъэзыкъэзэрхэр. Мэ, кІуэи мэрокъ къэщху, - ТІуш ахъшэ иІыгъым апэсы кьыхихар зыІэщІиубыдэжкри щаиІщ Даниэзт хуишящ. КъыпльмпІэ хьуреЙ зытегъэпщІам хуэдэ кьэщІжу. Ауэ щІыхуэм уаэхту уемыбзей. Емыкіыж. Мыдэ гум къэгъэзэжи шхы.

Даниэзт щыІукІым, ТІуш гум иуващ, зиплъыхьу. Фыз зым кьыщІигъэзэжа дыдэм ирихьэлІэу ТІуш зыхуеІэр кьыпІэщІэхуащІ.

- Ей, ТІуІэ! ТІуІэ, зо! Мыдэ кьакІуэ! - кІиящ ТІуш. Даниэзт гурыщхъуэ лъэпкъ имыщІауэ лІы бэлэфанэ щІыкІу кьыІухьам епльащ. Ар фаддэзт, бидонэ пыІэ папщІэ фейцІем текІыжауэ вагъуэ пІъыжь кьыкІэроц, и набдзэжэр джэхуц, и нэкІур фагъуабзэщ, и Іупэ пьабжьэр ищІкъэ тетым нэхърэхуэдэ нэхъ пІащэщ. Абы и кьэптал тІорысэм щІэп кІапсэ лэрыгъу щІэпхащ, и джэлэфей хъыбий хъуам и пьэгуажьэхэри и пхалъэри зэхэдыжьыхьащ, и пьакъуэм фІэлъ чунихэр зэрызщІэшхауэ щыта шхэпсым кьнутІыпщауэ, екІуэкІыу заукъ. Аууей, тхьэмыщкІэ. ТІуш абы зыгуэркІэ хуэупсэну арагъэнщ. И адэанэм я псапэ хупщ. Аращ Даниэзт и гугъар.

- ФІэхьус апщий, ТІуш! Сыт хууейт? - жиІащ лІы фейцІей щІыкІум, и нэ жанэхэмкІэ гум ит ТІуш кьыхуэдэпльейри.

- Упсэу апщий, Сосрыкъуэурэ лІы фІыцІэ гъущІынэ! - ТІуш гум кьелъэри лІы ІэмащІэлъэмащІэр и бгъэ лъащІым щІигъэзэрыхащ, Іэплъэ иришэкІыу.

- Жиіэнщ иджы, Атхуэдзуэр уэмыгуащІэ, ТІуш, - укІытауэ, абы щІыгуэми и щхьэ пщІэ зэрыхуищІыжыр пльэгъуу, лІы щІыкІур ТІуш хуэдэпльеящ.

- Хьунщ, сыгуашІэн хуищІауэ ТІуІэ Іэ щхьэл щІыкІу иІэщ. И щхьэгъэсэмрэ езымрэ зэгурыІуэрэ нартыху путым и зэкъэдитІыр ящэмэ, я щІалэ нэхьыжьым щыгъын Іэщэр кьыхуащхьэкІыу. ЛІы хьуам, ар хьэджафэ шырым ещхьщ, щыгъыныджэщІи. ЩІалэр фІы дыдэу йоджэ, ауэ зыхэсхэм зрапэсу зыхагъэхьэрхьым, щитІэгъынэ зэримыІэм, зэрыІэпІуупщІым щхьэкІэ. Аращ утхьэмыщкІэмэ. ЩІалэри пагэщи, яхьихьэркъым, закІэрищІэну хуейкъым. Абы зы кІэстум зэфІэ кьыхуищхэу фатэмэ, ТІуш и дунейм насыпу итьытэнт, щІалэри и гъусэхэм мыукІытэжу яхэтынт, и гупсысэкІэ, и акъыкІэ зэратекІэуэм щхьэкІэ зыкъыдащІу, зыкъыдгагъэкІыу.

- ИІэ, щхьэ ущІт? - жиІащ ТІуІэ. - КъакІуэ, мы гум кьиуви уэрэдзэр жьыІэ, итІанэ мы нартыху путыр ууейщ.

ТІуІэ, и пэр пиІуэнтІкІ хуэдэу ищІри, Даниэзт зэрыс гум дэпщещи. Даниэзт гуІэрэ кьыртьыжу ТІуш:

- КхъыІэ, хьэтыр фиІэу щытмэ, хуейкъым, щывгъэт! - Фызым и гущІэ лъабжьэм зыгуэр кьыщыпІэжьэжьащ. Ар ныбэм иІъ и сабийрт. -Кьыслъыс лІэ щхьэкІэ мэгуэдзэ тхьэмыщкІэр», - игу кьэкІащ Даниэзт.

Уэрэдзыкіыуэм и макъым зрегъэпъэщІ, мэпсчэуІури, уэрэдзыр жьгъыруурэ ешэщІ:

- Уей, уей, уей, губгъуэм ит тхъэрыкъуэ пэтрэ, АтІэ, гущІэ, и щхьэм зыхуегъафІэрэ,
Сэ сыгъэфІэныпшэу, сызеиПІэ кьабзэу, Уэркіэ сыкъэнэну
пІэрэ, уей?

Бззэрым тет щІыхуэр кьыззэхуэжсащ, ТІуІэ зэрыт гур кьаувыІыкъу. АрщхьэкІэ уэрэдзыкіакіуэм адэкІэ пимыщІу мардэфІ дигъэкІащ. ТІуш, кьэгуэзвауэ, жеІэ:

- СІІо, щхьэ узэпІуа?

- Хьунщ ар, - жиІащ ТІуІэ Даниэзт хуеплъэкІри. - Мы бзылъхугъэм зыгуэр и лажьэщ.

- Сыт ибгъэлэжьэнур? Зыри и лажьэкъым, уи уэрэдым дихьэжа мыхъуІэ. Пыщэ адэкІэ! - жиІащ ТІуІэ.

Даниэзт уэрэд кьыхадзар зэхиха хуэдэтэкъым. Еууей, еууей. ТІуш зэрыгущІегъунщэжьыр абы зэрригъэунэхуэр Іэджэ щІат, ауэ апхэудзу и цІыху хуэгъэпудыну игъащІэкІэ и гугъэнтэкъым.

- ЩхьэІ ущІт, ей, ТІуІэ! Ужейуэ ара?

- Сыжейркъым, ТІуш. Хьунщ ар.

- Хьунуи? - жиІащ ТІуш. Абы щыгъуэ, уэрэдзыр едзыгъэу дапщэ хьуэрэ, абы тещІыхьауэ нартыхуэр согуэшри едзыгъуэ къэс, жьпІэмэ, гъысыр узот. Ухуеймэ аращ...

ТІуш и хъэгъэщагъэр кьызыгурыІуа щІалитІ-щы, лІы хъарзынэр щхьэ бгъэпущ, сыт ущІыщІыщхьэпхыр, жаІэри ТІуш яубэрэжьыну хуежьат, арищхьэкІэ зы тхьэмадэ Іэжьэгъу хууащ:

- Зэ фымыпІащІэ, щІалэфІхэ. Апхэудзэу щыхьуаукІэ, мы псоми фІыуэ тІъагъу ди уэрэджьыкІыуэм щхьэж хуэзэфІэкІкІэ зыщІрегъаьхуэ, дрелэпыкъу. Абы емыкІуи щхьэ лъажьашагъи хэлъкъым. Удын зэхэдзэ нэхърэ - ІыхьэІ зэхэдзэ, жиІащ пасэрейм. Пыщэ уи уэрэдым, ТІуІэ, егъэдаІуэ мы щІыхуэ кьыззэуэсар уи макъ дахэм.

ТІуІэ щІыхуэ Іувым яхэпІащІ. Зэрысабий лъандэрэ абы уэрэд жеІэ, ауэ нобэ хуэдэу щІыхуэ куэдым я пащхьэ ар зэи итатэкъым. Ар щІыхуэм фІыуэ ящІалъагъу, абы нэхъ насыпи сыт щыІзи? ТІуІэ уэрэд щІыжиІэр ТІуш и нартыху путыракъым, атІэ мы къедэІуэну хуей къомырщ. ТІуІэ уэрэдыр кьыщІидзэжащ:

- Уей, уей, уей, мы си пшынэ фІыцІэри,
Уи цІэр кьыкІыуэ сэ согъэбзэрабзэ,
Уи бзэм и ІэфІагъымрэ уи нэм и дахагъымрэ
Си псэр дихьэхащ, си тІасэ, уей!

Уей, уей, уей, си дан э бэлъэтокум
Дыщэ лыду уи щІэр
нэхъыщхьэдэрэ,
Фи деж сыкъамыдэ щхьэкІэ, ди деж уамыдэ хэ щхьэкІэ,
Уэ сыкьыуамыгъанэ, си псэ, уей!

Уей, уей, уей, уэгум ит тхъэрыкъуэ пэтрэ
Лъагъуныгъэр и гум
кьыпотьэтхэрэ,
Уи гум сыкьыщІатхьыну, си псэм ущІитьэфу
ДыззэпумыгъэкІ, сэ си псэ, уей!

Уей, уей, уей, мывэр си пІэщхьэтІ,
АтІэ, гущІэ, пшахъуэр си уэнщэкъум,
Зы тепІэн димыІэу, мывэ ущхьэ къешхами,
Губгъуэм сыбдисынщ, сэ си псэ, уей!

Уэрэдыр и кІэм щынэсыи, Даниэзт Іэгуаэзшхуэм кьыззащІугъэщ. Абы еІъагъу зэрыгъэгъушхуа цІыхубэм ТІуІэ кьыхуэзэхуахьэсыр. Зы щІалэ ес, и іэпкъытэпкІэ ТІуІэ ехьэехэную, кьищэхуа адыгэ цейр гуфэм ириупщІэкІащ. ЯщщІэ рыІэ зыкъом зыІыгъ цІыхубзым, зэрыгъэхэ зэщхьэщихри, хужьыбзэу зы кьыхихауэ ар ТІуІэ и пащхьэ ирелъхьэ. Куэдыщэр гъавэхэкІырт. Фызхэм литр банкІкІэ, арат нэхъыбэм гъавэхэкІ зэращэр, нартыху, гъэдэ, джэщ нъаъуэр нартыхуэр ТІуш и къэпым щхьэщакІутэ, цейр яубгъуауэ, щхьэхуэ-щхьэхуэу абы и къуаущэм гуэдзымрэ джэшымрэ тракІутэ. Зым кхъуей хьэл, адрейм кхъуей пльыжькъ хъурей, ещанэм лы гъур Іыхьэ къеХь. Зыгуэрым ТІуІэ и пащхьэм ирильхащ тхьэкІуэмэкІыхь укІа, и кІэдэ тьакъуэм фІ телъу. Ахъшэу сом-сомитІ и къэзыгъэтІысыжьащ. ЩІалэм ТІуІэ и Іыхьэ зэхэдзэр здекІуэкІым, зы фыз тьэІуащ:

- ТІуІэ, кхъыІэ, уемышащэ, «Си къэшэн» уэрэдыр кьыджеІэ?

-Си къэшэнын кьыкІэтьыІ- щІалэм къэпыр телъу, хъуржьныр ипс зырызымкІэ зэпаІытьыну ахэр щІыхуІувым яхэкІащ. Даниэзт, абыхэм здакІэтьэпІпльым, зэгупсысыр ищІэртэкъым. А махуэм нужькІэ ар, пэж дыдэу, гупсысэрилэ, щыгъупщІх хъуат, Мачдинэ кьащІсапсальэкІэ, зыхуейр дахэдахэу кьыгурымыІуэу. Пушти, дунейм тетыххэу кьрмыдзэм ещІыт.

Абы нужькІэ мазэ зытІущ дэкІри, Даниэзт лъхугъэм иІлыкІащ.

* * *

ПЭЗТЭНЫМ хуэдэу гуфІэу, игукІэ уэрэд макъамэр жиІэу Кьантемыр Мухьэрбэч и деж къыщэнкІыжри уэрэмым кьытехьащ. Зыщымыгъэнщу ар и анэм и сурэтым иопть, емыкІу кьэзыщынкІэ хъунхэр, кьыхуэзэхэр кьыфІмэфІуэхуэу. Дахащэщ сурэтыр, Кьантемыр и анэр, зэрыжиІам хуэдэу, Мухьэрбэч фызыкум ещхьу ищІащ. Абы и бостейр хуэфІыпсщ, кьыщыІэлъжьыркъым. И дыщэ пыІэ щхьэнэр екІуу щхьэрыгащ, мыщІыгъэ лъэпкъ и нэкІум ипІъагъуэркъым.

Сурэтыр, и гуфІакІэм дитьхьэмэ, нупІыщкІынкІэ щынэри, Кьантемыр тхьапІ щащэ тыкуэнкъм щІыхащ, жыг хадэ зэрагъэкІым теуауа гуэр кьыщэхуу абы дилъхьну и мураду. АрщхьэкІэ абы япэу и нэ кхъІфІнар Федор Достоевскэм и роман «Идиот» жьыуэІэрщ. ЩІалэхэр, Мухьэрбэчрэ Леонидрэ, апхэудизрэ зытепсэлъыхь тхьапІыр Кьантемыр кьищэ хуащ. Кьеджэнщ, тхьапІ уеджэну ущхьэх хъункъым.

Сурэтыр зыдэлъ тхьапІыр и бзэгущІэм щІилъхьэныр дзыхь имыщІрэ ІэкІэ иІыгъыу здэкІуэжьым, и унэ нэсыжьыным къэна щымыІэу, абы и къэрыпльхъу хъыджэбз щыкІымрэ щІалэ щІыкІымрэ кьыпІежьащ:

- Дадэ, дадэ, мы Даниэзт и дзэр Іухуащ! - жиІащ ильэсиплым ит щІалэ щІыкІум.

- Пэжу? Сыгъэльагъут. А дзэр кьыздыІуэхам бзэгуКІэ уемыІуСэрей, Даниэзт гуащэ, Іушэу кьэкІыжьыр щхьэкІэ. Дзэр дэнэ-тІэ здэпхьар?

- Нанэ ирыІущ, дадэ кьэкІуэжмэ, зэрыгущІынур ещІэ, жеІэри.

- Хьарзынэжьэ. Ар шыгъу, фІамыщІ кІанэ и гъусэу унащхьэм дэдзеин хуейщ; Кхъуейм егъэжьащ, лыжьым Іуещ щкІ, дзэжьыр узот, дзэщІэ кьыззэт», жьыпІэуРэ. ИтІанэ ди Даниэзт щынэдзэм ещхьу дзэщІэ кьыІуКІэжьнущ.

- Мы тхьапІэ пІыгъыр сыт?

- жиІащ Мурталий цІыкІу.

- ТхьапІщ. Мыбы фи нанэшхуэм и сурэт дэтщ,

- Дэ нанэщ, нанэшхуэ диІэкІыж. Нанэ мэпщафІэ, - жиІащ щІалэ цІыкІум.

- Дэнэ щыІэ сурэт тІур? Ха, сыту дахащэ, адыгэ фащэ щыгъыу. НтІэ, мыр зи щІалагъыр дауэ дызэринанэшхуэр? Дэнэ здэщыІэр? Хэт и цІэр?

- Ар уи цІэджэгъущ. Нэхъ пэжыр жьпІэмэ, уэ абы уриІэджэгъущ, Даниэзт гуащэ.

- Уарэ, сэри мыбы хуэдэу дахэ сыхъунт?

- НтІэ, ар ди деж щхьэкъмыкІуэрэ? Ар хэт зи анэр?

- Сэращ, - жиІащ Кьантемыр, ауэ апэрей ущІэм жэуап хуэмыту, сабийтІыкІэ и Іэпэр ныгтыжу пщІантІэм дыхьжащ.

● Гъуаздж э

Андрей и вагъуэ

Ди республикэм и цІыхухэр яфІэгъэщІэгъэуну йоплъ СТС каналым иригъэкІыжкІ «СТС зажигает суперзвезду» федеральнэ телепроектым, Уэрэджьыдэкіуэ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІкІэ зыфІэгъэщІэгъэуну кІэлъыплъ ди республикэм и цІыхухэ куэд, зэрыщыгугъыфІыкІам шэч хэлъхьым абы ди хэкуэгъу щІалэ. Прохладнэ къалэм щыпсэу Лобжанидзе Андрей зэрыхэтым. Ар а зэхъэзэхуэм зэрыкІуа щІыкІэм зыщыдгъэгъуазэм ди гуапэу, дэ дыпсэлъащ щІалэм и анэ Лобжанидзе Верэ и деж. Мыращ абы къыджиІар.

- ІУЭХУР къыщежьар Краснодар къалэращ. Абы щекІуэкІ зэпеуэм хэтыну Андрей мурад щищІым, зэрыпТэмыжьжьэм щхьэкІэ дытегушхуэри, и гъусэу зэрыунагъуэу дыкІуащ. ЦІыху зы миным щІигъу кьекІуэлІат зэпеуэм. Зырызыхэуэр щІащэ ныбжьыщІэхэм яхэтт псынщІэ дыдэу кьыщІагъэкІыжхэр, уэрэдым и зы ядэшІуэ фІэкІа жрамыгъэІэу кьагъэувыІэхэр. Си быным тІэкІу сыщІытхъужьынщи, Андрей щІыхьащи, къэтщи-къэтщ, мыдэкІэ щыт и Іыхьлъхэм гузавэр кьэтщтащ. Иужьк Іэ езым зэрыжиІэжмкІэ, абы игъэззэщІа уэрэдым, «Мимино» фильмым хэтам, нэмыщІ зэхьэзэхуэр езыгъэкІуэжкІэм Андрей жрагъэІащ нэгъэуэщІ зыбжани. КІэщІу жьпІэмэ, режиссер-постановщик Арифулинэ Линэ, продюсер Рудковская Янэ сымэ, зэпеуэм хэтхэм я зэфІэкІкІэ къэзыхутэ гупым хэтахэм Андрей и макъыр яг ирихьащ, занщІэуи зэпеуэм и етІуанэ Іыхьэм хагъэхьащ.

ЕтІуанэ тІурым хэтар ильэс 30-щ, Москва КІуэну абыхэм кьыхахьжар 14 кьудейт. Ахэр зыхэта ди къэралым и ХьалащхьэмщкІуэкІа зэпеуэм кърихьэлІат къалэ зэхуэмыдэхэм щыщ цІыху 250-м щІигъу. НэхъыфІу къалъыта 90-р гупихьу яГуэшауэ, абыхэм я зхьэзэхуэр щэбэт къэсхуэхэ СТС каналым къегъэлъагъуэ. А гупхэм щыщу цІыху щырыщщ шоу нэхъыщІхэ дыдэм хэтыну зи насып текІуэнур. Зи гупхэ сщІы иужьрей Іыхьэм уэрэд щыжиІэн папщІэ, Андрей жэпуэгъэшхэ и 1-м Москва лъэтащ. И насып текІуэмэ, тлъагъункъэ.

Зэхьэзэхуэхэм хэтыным есагъэнщ Андрей. Ар пхьиІауэ щытащ «Фабрика звезд» зэпеуэм и Іыхьэ зыбжанэм. Сочи, ЯпТэ, нэгъэуэщІ щІыпІэхэм щыІа уэрэджьыдэкІуэ ныбжьыщІэхэм я зэпеуэхэм гран-при саугъэтыр, япэ увыпІэр ХьащІихьауэ щытащ. Зи макъым кьигъэгугъэ, хэлъэт зиІэ си къуэм ехьулІэныгъэфІхэр зэрызыІэриГъэхьэм хуабжьу сыщІогуфІыкІ икІи си гуапэт сэ сызэрыхуэхьупсэ пСори кьехъулІэну.

Си щІалэм кьыбгъэдэкІыу сыхуейт абы и мурадхэр дзэзыІыгъа псоми, абы Іэ хуэзыІэтахэм фІыщІэ яхуэсщІыну. Дэнэ щыІпІэ щымыпсэуами, сыт хуэдэ зэхьэзэхуэхэм хэмытами, япэ увыпІэхэр къыщІмыхьами, абы зэи щыгъупщэркъым и Къэбэрдей-Балъкъэрыр, и ныбжьэгъуэхэр, и хэкуэгъуэхэр. Ар илъэсищ хьуауэ Ставрополь щопсэу, абы дэт Кавказ Ищхъэрэ къэрал техникэ университетым сервисымрэ туризмэмкІэ и къудамэм щоджэ. ФІыщІэшхуэ яхуэсощ Андрей и зэфІэкІкІэ зи фІэщ хъууэ абы и гур хуэзыгъэфІ псоми.

Зытхыжар **ИСТЕПАН Залинэщ.**

Ди республикэм и цІыхухэр яфІэгъэщІэгъэуну йоплъ СТС каналым иригъэкІыжкІ «СТС зажигает суперзвезду» федеральнэ телепроектым, Уэрэджьыдэкіуэ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІкІэ зыфІэгъэщІэгъэуну кІэлъыплъ ди республикэм и цІыхухэ куэд, зэрыщыгугъыфІыкІам шэч хэлъхьым абы ди хэкуэгъу щІалэ. Прохладнэ къалэм щыпсэу Лобжанидзе Андрей зэрыхэтым. Ар а зэхьэзэхуэм зэрыкІуа щІыкІэм зыщыдгъэгъуазэм ди гуапэу, дэ дыпсэлъащ щІалэм и анэ Лобжанидзе Верэ и деж. Мыращ абы къыджиІар.

- ІУЭХУР къыщежьар Краснодар къалэращ. Абы щекІуэкІ зэпеуэм хэтыну Андрей мурад щищІым, зэрыпТэмыжьжьэм щхьэкІэ дытегушхуэри, и гъусэу зэрыунагъуэу дыкІуащ. ЦІыху зы миным щІигъу кьекІуэлІат зэпеуэм. Зырызыхэуэр щІащэ ныбжьыщІэхэм яхэтт псынщІэ дыдэу кьыщІагъэкІыжхэр. Си быным тІэкІу сыщІытхъужьынщи, Андрей щІыхьащи, къэтщи-къэтщ, мыдэкІэ щыт и Іыхьлъхэм гузавэр кьэтщтащ. Иужьк Іэ езым зэрыжиІэжмкІэ, абы игъэззэщІа уэрэдым, «Мимино» фильмым хэтам, нэмыщІ зэхьэзэхуэр езыгъэкІуэжкІэм Андрей жрагъэІащ нэгъэуэщІ зыбжани. КІэщІу жьпІэмэ, режиссер-постановщик Арифулинэ Линэ, продюсер Рудковская Янэ сымэ, зэпеуэм хэтхэм я зэфІэкІкІэ къэзыхутэ гупым хэтахэм Андрей и макъыр яг ирихьащ, занщІэуи зэпеуэм и етІуанэ Іыхьэм хагъэхьащ.

ЕтІуанэ тІурым хэтар ильэс 30-щ, Москва КІуэну абыхэм кьыхахьжар 14 кьудейт. Ахэр зыхэта ди къэралым и ХьалащхьэмщкІуэкІа зэпеуэм кърихьэлІат къалэ зэхуэмыдэхэм щыщ цІыху 250-м щІигъу. НэхъыфІу къалъыта 90-р гупихьу яГуэшауэ, абыхэм я зэфІэкІкІэ СТС каналым къегъэлъагъуэ. А гупхэм щыщу цІыху щырыщщ шоу нэхъыщІхэ дыдэм хэтыну зи насып текІуэнур. Зи гупхэ сщІы иужьрей Іыхьэм уэрэд щыжиІэн папщІэ, Андрей жэпуэгъэшхэ и 1-м Москва лъэтащ. И насып текІуэмэ, тлъагъункъэ.

Зэхьэзэхуэхэм хэтыным есагъэнщ Андрей. Ар пхьиІауэ щытащ «Фабрика звезд» зэпеуэм и Іыхьэ зыбжанэм. Сочи, ЯпТэ, нэгъэуэщІ щІыпІэхэм щыІа уэрэджьыдэкІуэ ныбжьыщІэхэм я зэпеуэхэм гран-при саугъэтыр, япэ увыпІэр ХьащІихьауэ щытащ. Зи макъым кьигъэгугъэ, хэлъэт зиІэ си къуэм ехьулІэныгъэфІхэр зэрызыІэриГъэхьэм хуабжьу сыщІогуфІыкІ икІи си гуапэт сэ сызэрыхуэхьупсэ пСори кьехъулІэну.

Си щІалэм кьыбгъэдэкІыу сыхуейт абы и мурадхэр дзэзыІыгъа псоми, абы Іэ хуэзыІэтахэм фІыщІэ яхуэсщІыну. Дэнэ щыІпІэ щымыпсэуами, сыт хуэдэ зэхьэзэхуэхэм хэмытами, япэ увыпІэхэр къыщІмыхьами, абы зэи щыгъупщэркъым и Къэбэрдей-Балъкъэрыр, и ныбжьэгъуэхэр, и хэкуэгъуэхэр. Ар илъэсищ хьуауэ Ставрополь щопсэу, абы дэт Кавказ Ищхъэрэ къэрал техникэ университетым сервисымрэ туризмэмкІэ и къудамэм щоджэ. ФІыщІэшхуэ яхуэсощ Андрей и зэфІэкІкІэ зи фІэщ хъууэ абы и гур хуэзыгъэфІ псоми.

Зытхыжар **ИСТЕПАН Залинэщ.**

Адыгэ театрым фрегъэблагъэ

Щ одджэщІыкІу Алий и цІэр зезыхь Адыгэ драмэ театрым жэпуэгъэу мазэм фыщІепТыщфынущ мыпхуэдэ спектаклхэм:

Жэпуэгъэуэм и 9-м
Кайтов СультІан («Анэм и гур» (*драмэ*).
Жэпуэгъэуэм и 16-м
Абу-Бакар Ахьмэдхэн. «Алмэстыхэр» (*комедиэ*).
Жэпуэгъэуэм и 23-м
Шортэн Аскэрбий «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ» (*комедиэ*).
Жэпуэгъэуэм и 30-м
Шамхалов Мэжид. «ГущІэ ябгъэ» (*комедиэ*).

ЩыщІидзэнур сыхьэтыр 18-рэ дакьикъэ 30-рщ.
УпщІэ зиІэхэр фыкъэпсалъэ хъунущ мыпхуэдэ телефонхэмкІэ: **42-64-94, 42-33-89.**

● Теплъэгъуэхэр

Мы гъэм япэ классым дыкІуащ. *Сурэтыр* **КОЗУБ Валерие** *трихащ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦІЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаеэ Маритэ, Ныбжьь Танэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 5, ебгъуэнэ - ешІапІэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкі - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм я должьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщэхэмкІэ, спортымрэ пісмохъмкІэ - 42-22-88; ерэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; здэсІэкІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; фотолаборатори - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі Іэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщІыхьа бжыгъэхэм, кьыщІэТа Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм и эу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцІэм я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КЪР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпсынкІэ жэуап ечы КЪР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м пІэтэу яІуащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

КЪР-м ЩІихабзэмрэ хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэмкІэ и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и полиграфомбинат, Налшык къ., Лениным и цІэкІ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Къэрмокъуэ Хьэмид, корректорхэр ПхытІыкІ Юрэ *(3,4,5-нэ пащ.)*, Щоджэн Инэ *(1,2,6-нэ пащ.)*, корректорхэм я дзЭныкъуэгъу Нуан Заирэ. *Компьютерхэм газетым и теплъэр щІащ:* ГъукІэлІ Рае, ЩакІуэ Мадинэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, *сурэтыщІ* Бицу Жаниэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыградзар сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531 Тираж 10.099 Заказ №2916